

BAB V

PENUTUP

A. Kesimpulan

Inti dari pagelaran wayang kulit dengan cerita Walisongo lakon lahirnya Sunan Giri ini adalah:

1. Tentang asal usul wayang kulit yang terdapat dua teori. Menurut sarjana barat asal usul wayang dikelompokkan menjadi dua kelompok: kelompok India dan kelompok Jawa. Sampai pada sejarah perkembangan wayang kulit berawal dari kerajaan Demak sampai kemerdekaan. Jenis-jenis wayang kulit meliputi: Wayang purwa, wayang parwa, wayang kulit betawi, wayang madya, wayang gedog, wayang calonarang, wayang krucil dan banyak lagi jenis wayang kulit yang lain.
2. proses masuknya Walisongo pertama kali ditanah Jawa yang antara lain terdiri dari Maulana Malik Ibrahim (wafat 1419), Maulana Ishaq, Maulana Ahmad Jumadil Kubro, Maulana Muhammad Al-Maghribi, Maulana Malik Isra'il (wafat 1435), Maulana Muhammad Ali Akbar (wafat 1435), Maulana Hasanuddin, Maulana 'Aliyuddin, dan Syekh Subakir atau juga disebut Syaikh Muhammad Al-Baqir. Walisongo dapat dikatakan berhasil dalam misinya karena metode dakwah yang mereka gunakan ialah:
 - Berdakwah Melalui jalur Keluarga/Perkawinan.
 - Mengembangkan Pendidikan Pesantren.
 - Mengembangkan Kebudayaan Jawa
 - Melalui Sarana dan Prasarana Yang Berkaitan Dengan Ekonomi Rakyat

➤ Menggunakan Sarana Politik

3. Dari cerita Walisongo ini terdapat nilai-nilai ke-Islaman yang terkandung antara lain:
 - a. Nilai aqidah (rukun Iman) yang pada khususnya menjelaskan tentang Rukun. Diceritakan dalam sinopsis yaitu Syaikh Subakir yang mengajarkan seorang pemuda bernama Mulud tentang Aqidah Islam.
 - b. Nilai Ibadah (Syariah) yang membahas tentang Shalat Tahajjud dan larangan meminum minuman keras. Yang diceritakan dalam sinopsis tentang Sultan Muhammad mendapat perintah untuk mengislamkan tanah Jawa disela-sela shalat tahajjudnya.
 - c. Nilai Ikhsan (tasawuf) yang menguraikan tingkatan tasawuf berupa tingkatan makrifat, yaitu tentang tokoh yang bernama Syaikh Maulana Ishaq yang ahli dalam bidang pengobatan, atas ridha Allah Syaikh Maulana Ishaq dapat mengobati putri Raja Blambangan, itu semua tidak terlepas dari tingkatan tasawuf yang dimiliki Syaikh telah berada tingkatan makrifat.

Saran

Sebagai akhir kata dari penulisan skripsi ini penulis menghaturkan syukur kepada Allah SWT yang telah melimpahkan rahmat dan inayah-Nya kepada penulis, sehingga penulisan skripsi ini dapat terselesaikan, semua ini semata-mata karena ridha Allah dan juga adanya bimbingan dan bantuan dari semua pihak, mudah-mudahan skripsi ini bermanfaat bagi para pembaca. Penulis menyadari bahwa skripsi ini masih sangat jauh dari kesempurnaan. Untuk itu kritik yang membangun dan sumbang saran dari berbagai pihak senantiasa penulis harapkan demi kesempurnaan skripsi ini. Amin

Transliterasi Pagelaran Wayang Kulit Cerita Walisanga Lakon Lahirnya Sunan Giri

(Adegan I.)

- S. Muhammad : Ora nyana sesepuh ing Turki kakang Maulana Malik Ibrahim sampun rawuh ono ing pandopo agung Turki. Kakang, dereng sawintawis dangu rawuhipun kakang wonten pandopo agung kasultanan, kulo ngaturaken pasenggahan punakrami kunjuk kakang Ibrahim.
- Sy. M. M. Ibrahim : o.... yo yo, kanjeng sultan, sih pambaginipun kanjeng sultan kula tampih dawas sami-sami mung ta'lim kula pikatur ing kersanipun kanjeng sultan.
- S. Muhammad : Inggih, kakang. Sanget anggen kula ngudi mimbuhana bawa leksana kula sumambra dateng kawula taseh ing Turki mriki, mugi mbabaro ketentremen.
- Sy. M. M. Ibrahim : inggih kanjeng sultan.
- S. Muhammad : Kakang kula aturi lenggah ingkang prayogi.
- Sy. M. M. Ibrahim : Inggih, sampun mboten kurang sekeco.
- S. Muhammad : hei, patih Ibnu.
- Patih Ibnu : wonten dawuh.
- S. Muhammad : Podo raharjo piswanmu Patih Ibnu.
- Patih Ibnu : Inggih, awit saking berkah pangestunipun gusti kulo Sultan pinampi raharjo suwanipun ingkang ngabdi Patih Ibnu. Mboten langklung kula ngaturaken sembah pangabekti kunjuk dumateng paduka.
- S. Muhammad : Iyo, Patih Ibnu tak tompo kanti lego legawaning ati bali pangasteku.
- Patih Ibnu : Inggih kula nampi pangestu paduka.
- S. Muhammad : Iyo, Patih Ibnu kene majuon lungguhmu ingsun mundut wartaning negoro Turki samengko kadiparan.
- Patih Ibnu : Inggih ngestoaken.
- S. Muhammad : Patih Ibnu, matura kang prasojo.
- Patih Ibnu : Inggih, awit saking berkah pangestunipun paduka negari Turki wekdal punika sampun mboten wonten ingkang nguciwani, poro nara praja angginipun nindaaken pakaryaning negari sami sayuk. Mboten bade gempal wibowo paduka, poro prajurit nem-neman calon tamtama anggenipun geladek perang ulah keprigelan tangkis tinangkising dedamel. Sedoyo sami prigel. Yen wonten beboyo mangsah sak wanci-wanci datenge mboten bade nguciwani, kawulo alit ing dusun ngadusun soyo ayem tentrem tuwuke bogowastro, menawi kulo timbang kaliyan wongso ingkang sampun kelampah rajaning negari Turki meniko rajuk ing warso meniko.
- S. Muhammad : eh eh yo yo, sukur yen negoro Turki wes ora nguciwani, koyo mengkono seng tak karepake. Sopo maneh to seng biso gawe mengkono iku, pamawasku mung siro Patih Ibnu.
- Patih Ibnu : Waduh gusti, kulo namung saktermene nindaaken dawuh paduka, sedoyo kolo wau kesawaban berkahing pangestu paduka.
- S. Muhammad : o.... ngono to. Endi seng dorong bener, benerno. Seng durung ditoto, ditoto yo. Seng bubrah yo diapiki. Kebutuhane wong cilik ing deso ngadeso dicukupi, ben ora melarat. Saben tahune disuwun ngundaake uluh pametune. Supoyo ora ngringkihngno negoro jalaran wong cilik tetaneng ing deso ngadeso minongko songko guru nging negoro.

Patih Ibnu : Inggih sendiko gusti.

S. Muhammad : Kakang Maulana Malik Ibrahim.

Sy. M. M. Ibrahim : Inggih, wonten dawuh kanjeng sultan.

S. Muhammad : Dinten meniko kulo dereng saget miwiti ngrembag ingkang baku, jalaran kakang Sy. M. M. Israil meniko dereng rawuh, dados ngrembag ingkang baku meniko yen kakang Malik Israil dereng rawuh taseh wonten kepincangan-kepincangan. Dados mungguh dipun rantos sakantawis rawuhipun kakang.

Sy. M. M. Ibrahim : o... ngoten tho? Inggih monggo.

S. Muhammad : loh, lah meniko kakang Sy. Israil monggo, monggo kakang.

Sy. M. M. Israil : Assalamualaikum.

S. Muhammad : Walaikum salam, monggo kakang. Duh kakang syekh Israil kulo aturi lenggah ingkang prayogi.

Sy. M. M. Israil : o... Inggih kanjeng sultan, sampun mboten kirang sekeco nyuwun agungipun samudro pangaksami jalaran kulo radi kasep ndugi kulo ing pandopo kasultanan.

S. Muhammad : Inggih, mboten dados punopo kakang Isroil.

Sy. M. M. Israil : kakang Ibrohim kok yo wes rawuh to?

Sy. M. M. Ibrahim : iyo Yai Israil, iyo sawetoro teko aku ing pendopo kasultanan iki.

Sy. M. M. Israil : iyo, aku nyuwun ngapuro.

Sy. M. M. Ibrahim : Randate yai Isroil iki mau perkoro opo to?

Sy. M. M. Israil : walah, aku tak kondo yai Ibrohim, aku nompo timbalan niki doyo-doyo nang teko kene, isuk karepku wes teko kene, supoyo ora dadi pengarep-arepan, bar sholat subuh iku aku wes toto-toto. Isuk aku mangkat menyang kasultnan, dumadaan ono perkoro kang melayoni, mbah, ono tonggo sebelah niku tilar dunyo, dadi aku iku jenenge wong Islam, ngetokno kerukunane ono wong kesusahan dadi aku mau melu ta'ziah mrono. Dadi sakwise ngrupoko layon aku duwe doyo tekaku neng pendopo kene iki radi kasep.

Sy. M. M. Ibrahim : Iyo, ora dadi ngopo, kudune ngono mbok wong kuwi, nek ono wong kesusahan ya ditulung.

Sy. M. M. Israil : Lha iyo toh, sing dirembuk opo wae?

Sy. M. M. Ibrahim : Sing baku durung karembug, ngenti rawuhe yai Isra'il. Nek kuwe dereng rawuh neng kene yo isih pincang.

Sy. M. M. Israil : o...ngono, lha aku saiki wis teko mbok yo ndang dirembug, opo iki, monggo kanjeng sultan supados inggal lego raosing manah kulo. Wonten wigatos ingkang pundi, nopo ingkang bade dirembug.

S. Muhammad : Inggih, kakang Malik Ibrahim punopo dene kakang Isra'il. Inggih estunipun wonten ingkang bade kulo babaraken. Panggantane manah kulo kedah kulo aturaken paduka kekaleh, mugl kasumerepono kakang. Kulo kalaning dalu sholat tahajjud, nyuwuni supados negari Turki meniko pinaringan tentrem ayem, mboten wonten sami kolo. Dumadaan wonten ing lebeting sholat tahajjud kulo kepireng suwanten ingkang dumeling meniko wangsit saking Allah Ta'ala. Inggih suwarasipun wangsit meniko kulo dipun dawuhi ngislamaken tiyang-tiyang tanah jawi.

Sy. M. M. Israil : Alhamdulillah, wah niki bejo banget, bejo temenan. Niku nek mboten wong sing saget ngedohi cegahe nindakake perintahe Allah swt mboten

- bade saget nampi ngoten niku. Monggo dipun tampi kale senenging ati. Alhamdulillah, Lha iyo kang Ibrahim?
- Sy. M. M. Ibrahim : Iyo, wong sakjagat yo mestine mung kanjeng Sultan dewe iki, sing nrimo wangsit mengkonono iku. Nanging iki gawat banget, jejibahan iki abot.
- Sy. M. M. Israil : Lha abote pye kang Ibrahim kok abot?
- Sy. M. M. Ibrahim : Tanah Jawa iku wis ana agama, aku krungu ana kraton gedhe jenenge kraton Majapahit ya kerajaan majapahit. Dadi pikiranku rekasa melbune agama Islam nang tanah Jawa.
- Sy. M. M. Israil : Lho lho, ojo ngono to, ngono iku lak ngendon-ngendoni. Iki dawuh sangka allah dadine kudu ditindakno, kewajibane wong Islam sing kudune nular-nularake agamane allah agama suci agama Islam iki, iki tugas suci iki.
- Sy. M. M. Ibrahim : Hyo hyo, aku melu.
- Sy. M. M. Israil : Lha iyo ngono kang brahim, umpamane kanjeng sultan ora iso ngono mangsa nampa dawuh wis tak piker gampang ngono wae melbune, mergone iki wis dawuh sangking Allah Swt, ono palang bakal dilompati, ono dadung dipedot, rawe-rawe rantas. Kudu diislamake wong Jowo.
- S. Muhammad : Inggih kakang Malik Ibrahim, Isra'il. Saksampunipun kulo nampi wangsit mekaten gragapan, umpami tiyang tilem ngoten gragapan meneng sawentawes kulo enget ngendikanipun inggih menika Kanjeng Nabi Muhammad Rasulullah, ingkang mekaten "Kekuatan agama Islam ing ndunyo iki besuk ono ing wetan". Menika ngendikanipun kanjeng Nabi Muhammad. Lha mongko tanah Jawi kanti mriki meniko pernahipun wetan. Nopo mboten meniko ingkang dipun maksud kanjeng nabi.
- Sy. M. M. Israil : E...Lha dalah enggeh niku, enggeh mpun bener niku, kekuatan agama ten ndunyo mbesuk. Lha monggo dipun tindakaken.
- S. Muhammad : Inggih, kakang kekalih sampun ngantos mangu-mangu ngislamaken tanah Jawi, jalaran wangsit ingkang pungkasan kulo tampi maleh, tiyan Jawi saget dipun islamaken nanging utusanipun saking mriki kedah tiyang songo cacahipun, kurang mboten pareng langkung nggeh mboten pareng. Dados kedah tiyang songo.
- Sy. M. M. Israil : Lha wong songo iku sopo wae?
- S. Muhammad : Lha monggo, sakmeniko monggo mupados tiyang songo niku sinten mawon, menopo mendet saking lebeting negari turki. Sinten kinten-kinten?
- Sy. M. M. Ibrahim : Inggih nuwun sewu kanjeng sultan, kulo bade rembakan kalian adi kulo Isr'ail.
- S. Muhammad : Monggo-monggo.
- Sy. M. M. Ibrahim : Yai Isra'il.....
- Sy. M. M. Israil : Opo kang Brahim
- Sy. M. M. Ibrahim : Wong songo mungguh kowe ngono sopo wae, sing digoleki iki wong sing kepiye, yai Isra'il.
- Sy. M. M. Israil : Kang brahim iki suwi-suwi mbocahi, wong iki nularno agama Islam, ngislamno wong tanah Jawa. Kok golek wong sing kepiye, pye to iki? Yo golek wong sing agama Islame wis duwur, tingkat kelase wis duwur, tur bisa nganggo carane nularke iki pye ilmune wong nularke iki pye, ilmune wong ngislamno wong iku kudu nduwe, sing digoleki kudu ngono kuwi. Lha ngko nek ilmune ora nduwe trus bubah ora karu-karuan mulo

tembunge *Al 'ilmu qobla al 'amal* sakdurunge nindakake opo wae ilmunono. Lha iku nek ilmune ora nduwe, pye nek nang tang Jawa. Lha tak umpamaake wong gawe omah, kayune wis ono, piranti gaman-gamane wes cukup. Ilmune wong gawe omah iku ora nduwe yo ora dadi dandanan.

- Sy. M. M. Ibrahim : Hyo, adi Isra'il bener. Wis mekaten kanjeng sultan wedaling saking kulo lan Malik Isra'il dados mupados tiyang ingkang kados dipun aturaken kale Malik Isra'il kolo wau.
- S. Muhammad : Inggih, lajeng kakang nunjuk sinten?
- Sy. M. M. Ibrahim : Inggih, duko kulo dereng pikantuk ugi
- S. Muhammad : Kulo naming entuk kalah kang. Inggih puniko inggih kakang Malik Ibrahim kalian Isra'il.
- Sy. M. M. Ibrahim : o...kulo kanjeng
- Sy. M. M. Israil : waah... aku, inggih. Tugas suci ditindakno iki, oleh ganjaran ngko.
- S. Muhammad : Inggih, dados ingkang kulo duding puniko kakang Malik Ibrahim kalian Malik Isra'il. Dados sampun kantok kalah mongko jangkepke songo.
- Sy. M. M. Israil : Mpun, kulo sak niki nggeh nggada petudingan maleh, sak njawine Negoro Turki, kulo nduwe tepangan pinter ahli obat-obatan, nggeh nggada karomah, ilmu agomone nggeh duwur.
- S. Muhammad : Sinten kang Isra'il?
- Sy. M. M. Israil : Sy. Maulana Ishaq, nggeh niku tudingan kulo
- S. Muhammad : Kulo kok mboten nate tepang Sy. Maulana Ishaq niku pikantun pundi kakang?
- Sy. M. M. Israil : Wah tebih, Sy. Maulana Ishaq niku sangking tanah Boharu, Samarkan Rusia kidul. Wah pinter mboten ilok-ilok niku.
- S. Muhammad : lajeng Sy. Maghribi saking Maroko
- Sy. M. M. Israil : Oh..., niku nggeh nggada karomah, dakwahipun pinter, lajeng Sy. Jumadil Kubro saking Mesir.
- S. Muhammad : Nggeh meniko sampun pikantok gangsal.
- Sy. M. M. Ibrahim : Kulo gadah tudingan, Syaikh Hasanudin meniko saking Palestina, Aliyudin saking Palestina.
- Sy. M. M. Israil : O..nggeh, kanjeng sultan kulo condong sanget niku, lha nek ngoten Sy. Ali Akbar sisan, menika saking mesir, menika gadah keahlian tatanegara.
- S. Muhammad : Nggeh dados menika sampun pikantuk wolu, kurang setunggal kakang.
- Sy. M. M. Ibrahim : Yai Isra'il.....
- Sy. M. M. Israil : Opo kang brahim?
- Sy. M. M. Ibrahim : Sopo yai Isra'il?
- Sy. M. M. Israil : Inggih kakang, aku iki mikirku ngene lho. Kurang situk iki gelek wong sing teges. Aku krungu tanah Jowo bejejile iku nyengit-nyengit, kasar-kasar. Aku kwatir ngko nek wis iso ngislamno wong 1,2,3. Wong Islam isek anyar, isek tipis imane,bejejile isek jahat-jahat.
- Sy. M. M. Ibrahim : Lha trus pye?
- Sy. M. M. Israil : Digolekno sing pinter numbali wae, supoyo bejejile ora iso berkutik.
- Sy. M. M. Ibrahim : Lha trus sopo?
- Sy. M. M. Israil : Aku iki nduwe konco sing jenenge Syaikh Subakir, Lha Sy. Subakir iku wae diajak menyang tanah Jawa ben jangkep wong songo. Cekne numbali tanah Jawa, bejejile ben lumpuh kabeh, ben ora ganggu wong Islam.

- Sy. M. M. Ibrahim : Hyo,hyo aku condong, matuk banget nek koyo megkono yai Isra'il.
- Sy. M. M. Israil : Yo nek pancen koyok mengkono yo iku wae ngko tak kintunane layak. Niku wong Persia, Subakir niku wong Iran.
- S. Muhammad : Inggih dados Sy. Subakir niku tukang tumbal tiyang Iran.
- Sy. M. M. Israil : Inggih tiyang Iran.
- S. Muhammad : Yen sampun cekap songo kulo sumanggaaken dumateng kakang Malik Ibrahim kale Malik Isra'il mbenjang menopo mangkatipun dating tanah Jawi nanging kulo nderek weling kakang.
- Sy. M. M. Ibrahim : Inggih kados pundi kanjeng sultan, weling nopo?
- S. Muhammad : Ngantos akhir kulo suwun supados wali meniko sangang tiyang, dados menawi mangke panjenengan wonten mriko lajeng kundur dating Turki mboten wangsul mriko maleh, mriko la' kantung pitu, meniko kedah wonten ingkang dipun wisuda, nglebeti lowongan kaleh niku dados jangkep songo maleh. Dene menawi mangke wonten ingkang sedo setunggal kantung wolu ten ngriko, jangkepipun songo kedah dipun jangkepi maleh, wonten ingkang dipun wisuda.
- Sy. M. M. Israil : O...Inggih, dados ngantos akhir kedahipun songo.
- S. Muhammad : Inggih, Inggih mekaten.
- Sy. M. M. Ibrahim :Yen mekaten kanjeng sultan kulo mbenjeng bidal dating tanah Jawi, sareng-sareng kadang kulo.
- Sy. M. M. Israil : Inggih, pundi mangke ingkang cedak kalian dalan, ingkang kulo lewati meniko kulo ampiri ngoten mawon, ingkang tebih mangke tempokipun ten tanah Jawi ngriko, la' nggeh saget pinanggih ngoten.
- S. Muhammad : Inggih kakang Malik Isra'il, menopo dene kakang Malik Ibrahim, patih ibnu?
- Patih Ibnu : Inggih wonten dawuh.
- S. Muhammad : Bubarno kang podo sebo.
- S. Muhammad : Hei jin jenengmu sopo?
- Jin. Abd. Qohar : Sesepuh Drajat niku ngarani kulo jenenge dul qohar
- S. Muhammad : sing bener jenengmu jin Abdul Qohar dudu dul qohar. Kowe iki jin Islam?
- Jin. Abd. Qohar : Enggeh jin Islam.
- S. Muhammad : Kukuting jagad kowe kepingin melbu neng suwargo?
- Jin. Abd. Qohar : Enggeh, mulane kulo niki titik-titik kudu ngelakoni ngedohi cegah nindakake perintahing Allah swt. Kepingin melbu ten surgo.
- S. Muhammad : Mungguhe kowe enak to nok suwargo?
- Jin. Abd. Qohar : Enggeh, ten suargo niku gedeke mawon emas, pelem niku oyote ten duwur, dados nggeh kantung mundut. Kulo niku kadang kala gregeten kale menungso, wonten menungso kemlinti genemane, kulo rungokno kudu kulo juwotos mawon kok.
- S. Muhammad : Lha kowe lapomok njotos menungso lho laopo?
- Jin. Abd. Qohar : Lha wonten genemane menungso mblasur kulo rungokno, ojo bergaul karo jin, apik-apike jin iku elek-eleke menungso. Lha mosok ngeneki aku diarani elek wae. Ah... woten nopo to kanjeng sultan?
- S. Muhammad : Wes to? Wes olehe humor
- Jin. Abd. Qohar : Sampun, sampun sultan, wonten dawuh kanjeng sultan?

- S. Muhammad : Aku iki mau tas mbudalake wong songo cacahé, ing tanah Jawa ingkang bade dakwah, perlune ngislamake wong-wong tanah Jawa.
- Jin. Abd. Qohar : O...ngoten.
- S. Muhammad : Hyo, kondange tanah Jowo iku dhemite jahil-jahil, begehile iku jahat-jahat, kuwe tak katutno meyang tanah Jowo mergo engko ono opo wae bonso lelembut iku sing weruh disek lak kowe, kowe awas mergo kancamu.
- Jin. Abd. Qohar : O.... Inggih, ngoten to?
- S. Muhammad : He'em, dadi kowe sing kudu ngawat-ngawati wong songo kuwi nggone nyebarno agamane Allah, agama Islam iki.
- Jin. Abd. Qohar : Inggih, ngestuaken.
- S. Muhammad : Kowe wes tau mrono?
- Jin. Abd. Qohar : Mpun, wong jin kok, ngubengi jagad niki nggeh mpun tau. Lakue koyo lakune angin ten tanah Jowo niki mpun bolak balik, niku tontonane nggeh reno-reno, wonge nggeh apik-apik.
- S. Muhammad : Agamane?
- Jin. Abd. Qohar : Agamane ten ngriko niku agama Hindu, enten keraton gede namine keraton Majapahit naming kabaripun sampun keropos, lha kropose niku jalaran saking nopo kulo nggeh mboten ngerti.
- S. Muhammad : Yowis, saiki budalo yo, jampangno aku nin walisongo, senajan budale walisongo iki ora bareng nek mengko neng kono iso dadi siji.
- Jin. Abd. Qohar : Inggih ngestuaken dawuh.
- (Adegan 2)**
- Ibu : Bat, tobat nduk anakku
- St. Khomsatun : Opo yang
- Ibu : Aku lungguh karo ngrungokno tembang ilir-ilir, aku banjur kelingan jaman semono, wong penciptane niku sunan kalijogo, dadi seprene yo enak ae dirungokno. Nduuk..
- St. Khomsatun : Nopo bu
- Ibu : Ayo ngunekno Shalawat badar
- Slamet : bu ceplik....
- Ibu : Wonten nopo gus slamet?
- Slamet : Kulo niku krungu ngendiko geneman jenengan shalawat badar shalawat badar, kulo kok nggih pingin nyelo-nyelo.
- Ibu : Ngoten to?
- Slamet : Enggih, kulo tak nembang Dandang Gula lan Macapat.
- Ibu : Engkin, sakniki shalawat badar rumiyen.
- Slamet : Mbok menawi ileng. Nek lali nggeh nyuwun ngapuro.
- (Adegan 3)**
- Sy. Subakir : Oalah iki wis tekan tanah Jawa, wis rodok adoh nekku mlaku, negara Iran tekan kene. Bocah loro podo nderek aku abdussalam opo deneng Jumiril.
- Jumiril : Inggih wonten dawuh, lajeng meniko dipun terusaken dating pundi kanjeng syaikh.
- Sy. Subakir : Ngko disik, iki wes nang tanah Jawa aku tak takon karo bocah kae. Hei, le... kene le
- Mulud : Inggih.
- Sy. Subakir : Kene, ojo wedi-wedi karo aku. Jenengmu sopo le.

Mulud : Kulo mulud, sampeyan sinten?

Sy. Subakir : Aku iki Syaikh subakir

Mulud : Daleme pundi asline?

Sy. Subakir : aku teko persi, negoro Iran kono lho.

Mulud : E...sing disebut Irak Iran niku to.

Sy. Subakir : Iyo, dadi syaikh Subakir iki wong Iran, iki tanah Jawa?

Mulud : Enggeh, niki tanah Jawa kang Bakir

Sy. Subakir : Umume biyen tanah Jawa iki kok biyen diarani Jowo dipo iki pye to, aku kok durung ngerti, opo Jowo dipo iku?

Mulud : Halah, nggeh. Dipo niku diwali podi, podi niku padi, padi niku pari. Mulane wong biyen diarani Jowo dipo niku pawetune pari niku melimpah sing kasebut panjang punjung pasir wukir loh jinawi nggeh tanah Jowo niki.

Sy. Subakir : Saiki yo isek ngono?

Mulud : Alah mpun berkurang, lah dos pundi wong sawahe akeh sing digon omah nggon pabrik-pabrik. Nggeh ngonten iku, enten wong seng sogeh duwek niku walah-walah mpun mboten karu-karuan tingkane, konglomerat niku tonggone di iming-iming duwek wes minggato ronolo neng njobone pulau Jawa kono, dituku nggeh tambah omboh.

Sy. Subakir : Yo..yo dadi tanah Jawa yo ngono iku, aku koq krungu jare tanah Jawa iki onok kraton?

Mulud : nggeh, kratone niku jenenge kraton Majapahit, nanging dino iki karek urunge. Kondange mawon Majapahit niku jajahane jembar, nanging sak niki pun kropos.

Sy. Subakir : Trus kroposane piye?

Mulud : Poro penggede-penggedene sak enake dewe mondongi duwit, seng bayarane akeh niku tangane tasek nggrayang-ngrayang, duwet iki arep-duwet iku arep. Halah pun kropos tenan Majapahit niki, barang duwuran meniko digowo nisor neng ngone rakyat during teko nisor pun entek. Pegawene niki dadi calak kabeh, calak niku tukang sunat, mudun titik disunati barang teko nduwur, mudunmane disunati. Lah barang soko nisor saking ngene rakyat digowo mendukur, gorong teko ndukur nggeh pun entek kocar-kacir. Digrogosi wong-wong niku, lah nggeh kulo nek mikir kekroposane negoro kok koyo ngeten to.

Sy. Subakir : oh...ngono to, lah opo rah ono agomo?

Mulud : Agomone iku enten tapi agomo di damel ndandani kerusakan negoro iki pun mboten mampu.

Sy. Subakir : Agomo opo?

Mulud : Hindu, mboten mampu. Dos pundi wong pembarep-pembarepe agomo niku nganggo sak karepe dewe. Eh sajakane sing diulang niku wau sodok onok seng luwung titik dilirik mawon, nggeh ngoten niku lho nopo kenek kanggo panutan.

Sy. Subakir : Yo dadi wes orah karu-karuan.

Mulud : Mboten saget, estu mboten saget didandani, coro agomo ngoten mboten saget, mulak nno kulo niki njalok rikolowengi eh ndang onok adile gusti kang moho kuoso nyang negoro Mojopahit. Aku mjalok timbule unen-unen

“sopo salah sele becek ketitik olo ketoro jere nyengkre kendel cunel” kulo rino wengi njalok ngoten niku.

Sy. Subakir : Yo keturutan diluk engkas karepmu nek agomo Islam iki wes mlebu, dadi Pemheran seng pataut di sembah yo mung ALLAH SWT.

Mulud : Ngoten to?

Sy. Subakir : Iyo, keturutan sediluk engkas karepmu iku. Le....., aku takon, iku kok onok gunung cilik neng njero kuto iku gunung opo?

Mulud : Niki, halah alon-alon mawon, niki namine gunung Tidar.

Sy. Subakir : Jenenge gunung Tidar? Lha kuto iki diarani kuto endi?

Mulud : kuto Magelang.

Sy. Subakir : dadi gunung Tidar iki benere onok ing njero kuto Magelang?

Mulud : Nggeh.

Sy. Subakir : Koq angker banget to gunung Tidar iki le, kok angker tak wasi teko kene.

Mulud : halah, nggeh, niku nek ceriose wong tuwo-tuwo niku kulo rungokno mawon, gunung Tidar niki gunung cilik nanging klebu pusere tanah Jowo. Umpami di tepus ngoten ngetan ngulono kurang luwihe nggeh mek titik. Dadi wong-wong ngarani gunung Tidar niki dadi pusere tanah Jawa. Niki nek mboten kulo mboten ngerti.

Sy. Subakir : Iyo, lah kok angker banget to leh..?

Mulud : Nggeh angker, wong niku panggonane poro lelembut, Jin, Setan, Preprayaan, Eluh-eluh, Banaspati, Jrangkon, Ndas glundung, Kemamang, Wewe, Wedon, ngklek-ngklek balunge tandak, begejil-begejil niku nek begandring nggeh ten gunung Tidar niki. Sidange begejil-begejil nggeh ten gunung Tidar niku. Mpun kulo mboten wani suwe-suwe geneman niku, iki ngkok mundak kesurupan, kulo wedi. Wedi awak kulo dewe.

Sy. Subakir : Kene to kene, ojok kesusu rono. Iki soko gedene panarimaku kowe tak wenehi duwet mergo kowe tak takoni iso njelentreno akeh-akeh. Gunung Tidar yo iki gunung Magelang barang. Iki tampanono minongko matur nuwonku neng kuwe, iki duwek 200 ewu.

Mulud : ealah kok katah-katah to, mboten-mboten pun seng Limang Ewu kulo gawane.

Sy. Subakir : Lha kok aneh to kuwe iki, diwenehi duwet akeh kok orah gelem, seng sak itik kok seng mok jupuk.

Mulud : halah....., nggeh kulo mpun kapok, wong lanang niku nek nggowo duwek akeh-akeh polahe tambah akeh, gendak an barang. Mpun niki mawon mbopten usah kata-kata.

Sy. Subakir : Abdus Sallam, Jumiril?

Abd Sallam-Jumiril : Nggeh wonten dawuh kanjeng Syaikh?

Sy. Subakir : Kuwe waspodo eng tinggal, ngati-ati. Iki gunung angker, jare bocah kuwi iki panggonane bongso begejil nek rundingan opo wae nek gunung Tidar kene. Kuwe kudu ngati-ati, iring-iringane iki tak pasangane tumbal, nek wes tak pasang tumbal mengko rabiso berkutik. Kene kuwe tak wenehi lafal, kowe ben ngerti alam goib. (berbsik) wes iku ae apalno. Ngkok nek wes mok ngerteni kabeh mok lakoni kowe bakal ngerti alame poro demit, setan sak piturute. Podo ngati-ati ayo mrono titik tak pasangane tumbal.

Betari Permoni : Eh, tobat-tobat. Sopo yo seng nggawe sangare kayangan Setrogondo Mayit. Jin setan podo pateng glelo. Ayo ngger poro bekasaan podo menyang gunung tidar, iki ono jalu manungso kang kurang toto masang tumbal, ayo diganggu.

Dhemit : Sopo iki? Sopo kowe

Jumiril : Jenengku jumiril.

Dhemit : Kowe sopo, bolo soko setrogondo mayit sopo kang suking kendel masang tumbal gawe sangare.

Jumiril : Iki seng masang tumbal Syaikh Subakir, aku iki pandereke, ojo ganggu aku ndang baliko.

Dhemit : E...Lha dalah, kowe ora gelem leren sopo sing muk dereake bab masang tumbal iki, kowe klakon lebur tanpo dadi teluh karo dhemit. Eh...lah dalah bosah-basehe barise begejil soko Setro Gondo Mayit, urung ono seng isoh nyegah Syaikh Subakir nggone masang tumbal, yuh, onok wong-wong ngono tak leboni, aku tak nyurup nang nggone ngganggu Syaikh Subakir.

(demit langsung nyurup neng salah sijine penduduk sing katon liwat)

Jumiril : iki opo yo bolo berkasa'an

Demit : Ojokn petita-petiti ngger, wes lerenono.

Jumiril : wah lha iki koq nyelok ngger-ngger, engkoq lha mbujuk aku wong iki.

Demit : Duwek mu piro ngger?

Jumiril : wah mbujuk temen wong iki.

Sy. Subakir : He..., ndang nyengkir. syaihk Subakir ora samar karo kowe. Koweiki ketok ane menungso tapi njerone duduk.

Demit : Wah dikiro opo aku iki, aku iki kolo sekti seng mbaurekso gunung Tidar iki. Tak wadulno seng nyekel danyang tanah Jowo Ki Sabdo Palon Noyo Genggong.

Betari Pemoni : Eh tobat-tobat kocar kacir kabeh bocahku. Orah onok seng biso ngalang-ngalangi syaihk Subakir kang masang tumbal. Dadi opo demit-demitku ing tanah Jowo iki. Luweh becik tak matur karo betoro guru, diapakno iki engkoh kedadiane tanah Jowo, kok di ambah Auliya'-Auliya' iki.

(Adegan IV)

- Rembes : Neng oro-oro gak ono rewange, wong iki pancene lakone ngene, aku nok oro-oro dadi bocah angon, gak oleh batur. Sumber kene mau endi to. Pancene wong yahmene. Mber sumber.
- Sumber : Opo mbes.
- Rembes : Mungguhe kowe, tembang karo gamelane disek endi?
- Sumber : Lha iyo disek tembange to, gamelan urung ono wong wes nembang-nembang.
- Rembes : Alaah yo disek gamelane.
- Sumber : Disek gamelane piye?
- Rembes : Temen disek gamelane, wong gamelan ewes nyampek kene panjake mau gurung kok.
- Sumber : Wong iki tak plentingi kuwe ngko, gamelan karo suoro tembang iku biyen disek wong nembang neng nembang iku sakenake. Koyo cemplo, jarate ngono iku kawitane.
- Rembes : ngono to.
- Sumber : Iyo koyo complo ngono iku.
- Rembes : Kowe iso complo?
- Sumber : Complo biyen lakyo ngono to. Ndok merak meki sapi mecaho ndoke siji. Cumplo toro tontong met nerontong dalane angkle ono lele-lele sabrangane kali wetan ono kucing kerahan dang asu moro jengguuur. Iku kawitane gurung ono gamelan, yo ngono iku.
- Rembes : Wah kowe isek tlaten.
- Sumber : Aku nek ngono-ngono iku isek nduwe.
- Rembes : Mber-mber.
- Sumber : Opo mbes.
- Rembes : Aku kringi mber, iki ono agama sing melbu tanah Jawa, mergo jare wong-wong agama Hindu kanggo ndandani negoro rusak ngene iki wis ora ngarah iso. Dadi dileboni agomo, jenenge agomo Islam.
- Sumber : Iyo aku yo krungu, aku yow is sinau, aku wes melok nang agomo Islam.
- Rembes : E..Syukur, aku yo ngono kok mber, sing lawas rusak yo gelek sing anyar iki. Ndang bok besuk ono sing anyar maneh yo mboh.
- Sumber : Yow is ora, yo iki ae ditlateni.aku iki yo wes petuk kyai, aku wes shalat barang.
- Rembes : Syukur, He'em. Aku yo iyo kok.
- Sumber : Iyo, teko titik. Nanging iki ngene kuwe tak kandani, oo wong sesepuh agama nyritani aku "le..le kuwe ojo ngongkon wong sembahyang, gedhe-gedhene duso, ngongkono wong main bakal oleh gamjaran"
- Krembes : Mbok...yo kliro, ngunu iku kliru Mber, kuwalik.
- Sumber : Kandani kok, aku iki ngunu. Angger petok wong tuwo yo ngono "le..le kuwe ojo ngongkon wong sembahyang, gedhe-gedhene duso, ngongkono wong main bakal oleh gamjaran"
- Rembes : Kliru, ojok dikandakno uwong, yo ngongkon wong main iku duso, ngongkon wong sembayang iku oleh ganjaran.
- Sumber : Oh..., dikandani orah ngandel. Sak iki umpamane aku iki nglakono sembayang, lha terus mbok kongkon tuku rokok opo kowe gak duso.

Rembes : Nek ngono yo ngenteni mari sembayang.
Sumber : Lha iyo, ndang nek ngongkon wong main oleh ganjaran. Sak iki sa'umpomo onok wong dadu, eh Le..mulio wedosmu raono pakane, ngarito. Wong iku mau muleh ngaritno weduse orah sido main, opo gak oleh ganjaran.

Rembes : mbok udelmu to Mber ngono iku, aku kok mok umet-umet ngono. Seng ngongkon wong sembayang iku tegese ngongkon wong tinuju sembayang iku duso.

Sumber : Iyo.

Rembes : Mbok udelmu, tiwas olehku njlimetkok kuwalik ngono iku mau.
Sumber : He'em, wes sak iki ngene, ayo nggawe gending-gending seng apik. Mergo gending-gending iku mau jare ciptak ane poro Wali.

Rembes : Iyo. Kuwe iling dikandani uwong to, gending pangkur iku seng nyipto sopo?

Sumber : Nek nurut kandane wong tuwo, seng nyipto yo iku kanjeng Sunan Derajat. Jenenge Raden Qhosim, mulane diarani pangkur iku ojo nyimpang soko Qur'an.

Rembes : Eh ngono.
Sumber : Dadi pangkur iku pamudi isine Qur'an.

Rembes : wah-wah iyo, trus gending Sinom karo Kinanti iku seng nyipto sopo?
Sumber : seng nyipto yo iki, Kanjeng Sunan Muria. Lha Kanjeng Sunan Kudus iku seng nyipto gending mas kumambang karo mijil.

Rembes : Lha iyo to Mber, tak piker-pikir wong seng nyipto iku poro Wali Songo. Lho sak iku kok akeh poro konco santri Kyai seng ngedohi gending iku sebab pe opo?

Sumber : ngenelo ceritane iku...., ono wong seng anut grubyuk iku ora seneng yo melok ora seneng. Gending-gending iku biyen cipta'ane poro wali, sebape iku naliko samono gending-gending iku dikuasai wong kasar, dingo maksiat, digawe omben-omben ora karuan. Lha poro santri mbendung iku ora kuat trus diculno, ati-ati kowe mbesok kuwalat, kuwalat temen ilang kabeh wong seng kasar mau. Lha ora mung tembang penciptane Wali Songo iku. Lakon-lakon wayang iki “ Wali Songo” y owes nglebokno umpomone lakon “Dewo Ruci” iku gaweane carangane Wali Songo, Semar Barang Jantur, Mustohko Wheni. Seng jodohno wayang kulit karo gamelan iki yo Wali Songo.

Krembes : Wah yo Mber, kowe kok apal yo.
Sumber : Iki kandani wong tuwo-tuwo tak titeni wae. Eh sore mau onok ilir-ilir. Munggo sak iki di pindoni ngono piye?

Rembes : Lha iku kowe wero opo ora Mber, jare pangkur mau seng nyipto Sunan Derajat. Lha ilir-ilir iki sopo seng nyipto?

Sumber : pnciptane Sunan Kali Jogo.
Rembes : Ngono iku yo onok maksudte?
Sumber : Lha yo mesti onone.
Rembes : Kowe weroh?
Sumber : Kowe iki koq ngeyel terus. Aku yo mung cuman isok nembangtok, maksudte dewe aku yo ra patek ngerti.

Rembes : lha takok sopo iki Mber?

Sumber : Yo iko onok wong tuwek, Gus Truno Saiman.

Gus Saiman : Bocah-bocah iki ya mene kok yo seneng-seneng to.

Sumber : Nggeh Gus.

Gus Saiman : Ono opo to Le..?

Sumber : Bab niku lho., tembang lir-ilir. Lha kulo ngrukngokake ngendikane tiyang sepuh niku seng nyipto Kanjeng Sunan Kali Jogo.

Gus Saiman : Iyo.

Sumber : Lha Rembes niki takon, “ngono iku yo ono maksudte ta Mber?” lha aku yo ra ngerti. Trus noleh lha kok wonten sampean. Lha trus sampean ngerti maknane tembang lir-ilir niku dos pundi?

Gus Saiman : Dadi kuwe iki pengen ngerti jlentre’ane tembang lir-ilir, kurang luwihe ngene Le...! Tegese ilir-ilir iku wong kipas-kipas, wong kipas-kipas iku olehe angin. Dadi golek ilmu ke Islaman iku wes oleh angin, tegese wes ora di alang-alangi sopo wae.

Sumber : Lho parane koq ilmu to?

Gus Saiman : Lha tandur iku mau opo, tandure wes sumilir, tandur iku merkatak nyukulake pari, nek isih ndangak ngunu kuwi urung onok ilmune, dadi dangak iku nggolek ilmu. Di gambarno wong golek ilmu, barang wes oleh ilmu pari kae ndingkluk.

Sumber : Dadi ili-ilir iku wes oleh angin, wong golek ilmu wes oleh angin ngono?

Gus Saiman : Iyo, ilmu ke Islaman. Wes oleh angin ijo royo-royo tak senggoh kemanten anyar, kemanten anyar iku di ajeni, “iki ngko lungune pengantin, iki mangane penganten”. Dadi iki ngapek ajine wong nduwe ilmu iku yo ngono, neng endi-endi di ajeni koyok penganten anyar kuwi. Cah angon-cah angon penekno blimbing kuwi.

Sumber : lha kok lunyu di kongkon menek, lha nek tibo yo’ opo?

Gus Saiman : iki tembang Le..., Tegese cah angon iku ora kok cah angon Kebo, cah angon iku gambarake Guru karo Murid. Penekno Blimbing kuwi iku tegese Blimbing iku blingir re limo, lha yo ke Islaman Sholat limang waktu, Tombo Ati yo limang perkoro. Iku lo lunyu-lunyu penekno, tegese dialang-alangi sopo iku wedarno, tuturno nang wong-wong ndang podo ngerti.

Rembes : Oh, ngonten to Gus Saiman.

Gus Saiman : Lha iku mau kanggo opo, Kanggo masuh dodot iro. Dodot iki ora kok sandangan jarik sak piturute. Dodot ikiu gambarno tingkah laku, tingkah lakumu gosoken nganggo limang perkoro iku. Perlune kangge benerake lakune roso tumindake rogo ben bener. Dodot iro kumitir bedah ing pinggir dondomono tingkah lakumu iku ndang tobatotono menowo onok sing ora bener. Dodot sing bedah pinggir iki tegese keluputanmu lagek sak itik mumpug bedahe iku mau gorong mrambat tengah-tengah, ngkok nek wes mrambat nengah didondomi kantot kabeh. Kanggo opo, kanggo sebo mengko sore. Wong iki ra orep terus, mati. Mati-mati nek sanguine wes cukup.

Sumber : ohw..., dadi lir-ilir iku mau koyo mengkono maksudte.

Gus Saiman : Iyo, kanggo sebo mengko sore, kanggo sangu besok nek mati. Mumpung padang rembulane mumpung jembar kalangane. Mumpung lawang tobat iseh mengoh. Ngonolo maknane..

Sumbaer : Sampean isoh ngono soko ngendi Gus, ngkok ndang teko pikiranmu dewe.

Gus Saiman : Ojok mok arani pikiranku dewe ngono to. Lah nek ora ngono, maknane ilir-ilir seng apik mane piye? Nek onok sedulur maknani luwe apik aku tak melu.

Renbes : wah jlentre sak iki Mber.

Gus Aiman : ngger sumber karo rembes, wis yo dicukupi semene

(Adegan V)

Bethoro guru : Kakang pukulu, kakang nerada

Bethoro naradha : Woten dhawuh adikku

Bfethoro guru : Kulo aturi lenggah ingkang prayogi

Bethoro naradha : Inggih, sampun mboten kurang sekeca, adikku.

Bethoro guru : kakang pongad, ugi kakang sabdo palon

Pongad : menapa guru?

Sabdo palon : e.....e..... yo ono opo guru?

Bethoro guru : tak aturi lenggah kang prayogi kakang

Pongad : guru, wis ora kurang.

Sabdo palon : iyo, iyo, he'e wis ora kurang kok guru.

Bethoro guru : kelengghuhan iki ____ ngaturu rawuhe kadang sepuh ingkang seperlu ngerembuk kahanane kahyangan, sumrambahe menyang tanah jowo, kakang kepiye mungguhe kakang kabeh sing aturi rawuh, horke kahyangan jonggeng seloko bale moro konto koyo genjot genjoto petetan koco alum, kawah chondro dimuko umup koyo dikebul, weruhi kakang narhadha kados pundi kakang ?

Bethara naradha : wah... adi guru, inggih horeke kahyangan meniko jalaran titah titah ingkang dipun sebut Wali Sanga. Inggikang sampun ngambah tanah Jawi. Ngislamake tiang tiang hidhu tanah Jawi mekaten kakang,

Bethara guru : inggih kakang, dados agami islam, sakmeniko sampun ngremboko wontwn tanah Jowo engkang kabekto dending Wali Sanga.

Bethara naradha : lajeng pemanggihipun kakang pikulun

Bethoro naradha : asi guru, meniko sampun mboten saget dirubah. Sampun mboten saget dicegah.dipalangono mesti dilumpati, didadung mesti dipedot. Mergi tanah jawi kerato ageng majapahit meniko sampu kocar kacir, didandani ngangge agami hindhu sampun mboten saget.

Bethara guru : inggih , kakang sabdo palon piye?

Sabdo palon : he guru, yo kabeh mau wes gilir gumantining jaman. Kudune koyo ngono kuwi, ning yo kudu ditoto sing apik, wong aku iki dadi retuning danyang tanah Jawa. Ngko danyang-danyang yo tak ature kabeh. Nek perkoro dhemit, begejil iku retune Betari permoni, ora aku.

Betari permoni : Eh tobat-tobat pukulun, inggih kapejahan kulo kemawon, inggal kasirnakno kemawon. Para begejil kahyangan setra gondo mayit.

Bethara Guru : Bethari Durga.

Bethari permoni : wonten dawuh kulo wonten dawuh.

Bethara Guru : Ono opo kuwe kok glula-glulu iki eneng opo?
Bethari permoni : Inggih pukulun mugi ndadosaken kawulo ingkang kahyangan setra ganda mayit meniko benteripun kakilo-kilo, anak kulo jin setan pating glolo pukulun.

Bethara Guru : Lha sebabe opo permoni?
Bethari permoni : Ingkang estunipun tiyang meniko naminipun Syaikh Subakir masang tumbal. Dhemit ingkang jahil, jahat penggaweane niku ganggu tiyang. Lha iyo niku nek diterusaken dados nopo?

Bethara Guru : Hyo permoni, ora tau-tau petok, petok pisan olehmu matur ae kok yo dhakik-dhakik.
Bethari permoni : Dadi dino niki poro begejil pating glolo.
Bethara Guru : Mungguh weruhmu piye?
Bethari permoni : Tanah Jawa meniko sampun wonten agami maleh naminipun agami Islam ingkang dipun bekto kalian walisongo. Wes sisir ler sisir wetan meiko sampun klebetan agami Islam.

Bethara Guru : Lha karepmu saiki piye?
Bethari permoni : kulo nyuwun pangayoman kados pundi tentreme poro dhemit-dhemit niki mboten kenging wibowo saking Syaikh Subakir niku.

Bethara Guru : Begejil sing mbuk ngon sakmono kehe iku sing digdoyo dewe sopo?
Bethari permoni : Ingkang digdoyo meniko saksumerep kulo nggeh naming kedalung.
Bethara Guru : Kanggo njogo ngrembakaning agama Islam, kedalung perintahen golekno nggon yo.

Bethari permoni : ten pundi?
Bethara Guru : Pesisir elor nang kono ono jenenge gunung cilik arane gunung kendil. Dadi Kedalung papakno ning gunung kendil kono, nok jeroning guwo sing diarani guwo Mohoretno. Yen nok jerone guwo mohoretno iku kongkon ati-ati, ngawasi bek menowo ono auliyak soko tanah arab sing arep melbu menyang tanah Jawa utowow menyang pulau Jawa kudu di alang-alangi. Lha wetane gunung kendil iku mbesuk ono pondok pesantren kang gede. Iku kudune kedalung sing ngrusak tatanan kono, ben ora ngremboko keislaman ono ing wetane gunung kendil iku.

Bethari permoni : Mekaten pukulun
Bethara Guru : Hyo, ndang budalo kedalung ajaken mrono.
Bethara guru : Kakang sabdo phalon
Sabda Palon : nggeh, apa guru?
Bethara guru : aku pasrah marang kakang sabdho phalon, mergo wes cetho nek begejil-beyil iku mau sing ngrathoni Bethari permoni/ durga setro gandha mayit dhene para dongeng-dongeng kang mbahu rekso iku kabeh sering ngrathoni kacang sabdha palon, mongso badhoho.

Bethari permoni : ngger kedalung
Kedalung : nggeh, wonten dhawuh kukulun permoni
Bethari permoni : kuwe bakal tak wenehi panggonan sing penak yo....
Kedalung : nggeh, matur nuwun sak derengipun.
Bethari permoni : ayo nderek aku nyang gunung kendhil

(Adegan 6)

- Jin. Abd. Qohar : wah wong iki, ora kenal-kenal kok langsung dicandak di ajak mreng to...
Sy. Subakir : kuwe jin Abdul Qohar????
Jin. Abd. Qohar : loh kok eruh aku to...
Sy. Subakir : o.....iyo, aku wes ngerti kok, awet sore mau wes ngerti jenengmu jin Abdul qohar
Jin. Abd. Qohar : sampeyan sinten????
Sy. Subakir : Syeikh subakir soko Iran, kelabu golongan wong songo disebut Wali Songo.
Jin. Abd. Qohar : lha nggeh, wonten nopo?
Sy. Subakir : kuwe tugase orung ngerti????
Jin. Abd. Qohar : lha kula dipun utus kalian kanjeng sultan Turki meniko ngawet awet klebet sampeyan wong songo niku....
Sy. Subakir : hyo, saiki aku wes ora usah muk awat-awati aku wes ngerti gagat apane, kuwe kudu ono sing direksi jin....
Jin. Abd. Qohar : sing kulo rekso sinten????
Sy. Subakir : hayo, tak duduhi sing kuwe kudune ngrekso wong iki (keluar)
- Bethari permoni : eh....tobat-taobat, kedalung-kedalung
Kedalung : nggeh wonten dawuh gusti....
Bethari permoni : iki sing diarani gunung Kendhil iku, lha iku segara kang katok jembar, gunung iku rodok duwur titik, dadi kok ora gunung duwur nanging timbang karo liane iki duwor dewe
Kedalung : nggeh, lajeng duspundi ????
Bethari permoni : Iki diarani tanah kendhil kedalung. Kendil iki gununge kedalung iku kuwe yo.... bejil sing tak tandur neng kene. Wetan iki mbesuk nek atek ono bibit-bibit ngembangne agama Islam, kuwe sing kudu ngalang-ngalangi yo..... panggonane sak jeroning guwo maha retno.
Kedulung : nggeh (keluar)
- Sy. Subakir : Abdul Qohar
Jin. Abd. Qohar : enten dawuh kanjeng syeikh????
Sy. Subakir : Iki gunung
Jin. Abd. Qohar : nggeh, sampeyan kok nggeh buanter nek mlaku, kulo niki bongso jin lakune podo kalah bareng angin. Lha kok sampeyan mpun dugi mriki to kanjeng syeikh
Sy. Subakir : hiyo..... aku iki perlune golekno nggon kuwe, iki pulau Jowo, pesisir lor, iki diarani gunung kendil, jarene wong-wong. Kowe nok wetane gunung kendil kene, mbesuk nek wes ono rejone zaman neng kene iki onok pondok pesantren gede sing diarani pondok pesantren drajat. Nek pondok pesantren kene wes dadi, kowe ora keno keluyuran nang endi-endi, netep nen kono, nganti kukute zaman kuwe netepo neng drajat kono.... ngrekso kahanane pesantren drajat.... wes yo....
Jin. Abd. Qohar : nggeh, ngestuaken dawuh (keluar)
- Kedalung : ha....ha....ha..... tak sawang ono kelip kelip, dumadaan bangsa jin
Jin Qohar : kuwe bangsane bejil

Kedalung : malah..... podo wae
 Jin Qohar : aku jin Islam, jenengku jin Abdul Qohar
 Kedalung : aku kedalung, panggonku gunung kendil.... dadi kendil kedalung. Ayo lungo teko kene aku ngerti nek kuwe iki arep dadi pepalangku.
 Jin Qohar : wes ora usah. (bertengkar) wah sing diarane kendil kedalung iki tenan digdoyo,iki mbesuk sing ngganggu aku jogo ketetntramen wong pondok pesantren iki,gak tak lunasi saiki ngengeteni kapan.nek iso yo kudu tak sirnakno saiki nek ora iso yo suk emben-emben....

Sabda Palon : gong, noyo genggong
 Noyo Genggong : apa Kyai, Kyai sabdho palon
 Sabda Palon : wes,wes bedah kocar kacir rowah-raweh tanah jowo wes dadi koyo ngene. agama Hindu wes kepepet, sing ngrembake agama Islam wes digowo karo Wali Songo.eh,piye iki penemumu?

Noyo Genggong : aku orang nduwe penemu opo-opo Kyai.
 Sabda Palon : eh..... wong pancene aku iki ratune danyang tanah Jawa
 Aku tak noto bocah-bocah pedanjangun, tak golekne nggon dewe-dewe nek gaak tak wenehi nggon dewe-dewe ngalor ngidul keluyuran ndadekno celakane.....kowe-kowe rodok mundhuro, tak totone para danyang-danyang iki ben ngrekso dewe....he..eh....e kabe danyang-danyang....

Noyo Genggong : nggeh wonten dawuh Kyai, opo Kyai.....opo Kyai
 Sabda Palon : aku iki ratumu.... kowe tak wenehi nggon dewe-dewe danyang aji dipo ono yo aji dipo????

Aji Dipo : wonten kulo Kyai....
 Sabda Palon : Aji dipo, kuwe manggono nang gunung kendeng, kuwe rumekso gunung iki...

Prabu yekso : lhah kulo...??
 Sabda Palon : prabu yekso kuwe rumekso ing gunung Sundoro kaleh kromo, kuwe manggono ing guwo Merbabu... lah si thomo manggono ing gunung merapi.... ler bongso manggono ing gunung kumbang. Prabu joko manggono ing gunung kelir... selire kuwe neng gunung Agung... Drusul, kuwe manggono bengawan..., but kala nen pesisir nyai bareng nyang parang tritis, buto lho caya kuwe nyango kutho Kediri... ke jalangkah kuwe ning candi-candi, ki candung kuwe nang sawah-sawah... padan sari, kuwe saiki palang karsa neng hana bakti. Dadahang walaek neng pelabuhan-pelabuhan.... cincing murti kuwe manggono nang sedayu... sedahayu diringkes dadi sedayu.... serwaka kuwe neng sukwati... buta krida kuwe nang rowo-rowo. Bala batu neng blambangan, prabu yekso kuwe ning giri pura... gurnita kuwe ning puspalaka. Kolo jenggo ning singasari. Kretek ning padjajaran, candra latu ning kedu, carub awar ning Lamongan.... ngerti????

Danyang : nggeh.....
 Sabda Palon : macan gugah kowe neng grobokan, nyai ragil kuwe neng pada, sapu jagat kuwe neng sipak, kala seksi kuwe manggono ing penggambaran.. gunting geri, kuwe ning tegal, barat ketiga kuwe neng Semarang. Trenggiling wesi ning majenang. Nyai plencing ana ing kali brantaDewi Sekar. D kuwe

danyang-danyang iki rumekso panggonan sing tak dudukno mau... kuwe iki ora golongan begejil....

Dayang-dayang : inggih dados makaten nggeh....

Sabda Palon :Hem.... leremo sak wetoro, mbesuk aku nek muntab, opo wae kudu nindakake. Umpamane kuwe saiki turu, turuo...men kuwe kelem kelemo... timbulmu besuk aku sing bakal paring tduk marang kuwe....

Danyang : Nggih.... ngestoaken dawuh.....

Sabda Palon : he.. genggong

Noyo Genggong : ono opo Kyai???

Sabda Palon : we tak wenei panggonan dewe-dewe, danyang-danyang kang rumekso gunung. Rumekso kerto, kali, alas sak piturute candi-candi. Umpamane deweane saiki turu ben turu... umpamane kelem, ben kelem... mbesuk aku sing nggugah nek wes titi mangsane. Lho kae sopo, tengguluk-tengguluk kae???? Ooooo..... iki Kolo Sekti

Kolo Sekti : Nggih Kyai... kulo Kolo Sekti ingkang rumekso gunung tidar.

Sabda Palon : e..... hyo...hyo.... ono opo???

Kolo Sekti : gunung tidar meniku, waduh betheripun sanget jalaran wonten titah ingkang wanton masang tumbal. Naminipun syeikh subakir. Meniku saking negeri Iran.

Sabda Palon : e...e....e.... masang tumbal????

Kolo Sekti : enggih, milo kulo matur dumateng Kyai... kulo pasrah bongkoan kedah nopo sing tak lakoni.

Sabda Palon : kuwe baliko mrono wae.... lha saiki nang endi syeikh subakir???

Kolo Sekti : wah, kulo mboten sumerap uamtipun dateng pundit, kulo kicalan lacak....

Sabda Palon : yo..... tak golekane syeikh bakir iki. Tak golekane (keluar)

Sabda Palon : eh...eh..... genggong... mandek desek, aku orang pangling aku ngerti wae... bumi sing di pidaki awake dewe iki kelabu wilayah kudu. Ketemuku karo wong iki kok nok kene.... he...he..he...

Noyo Genggong : takoni Kyai jenenge iki sopo????

Sabda Palon : ngko disek.... ngko deng tak arani kliru aku, timbang kliru aluwung ora....

Noyo Genggong : hyo...kyai..

Sabda Palon : kowe iki sopo, nyandang ngaggomu iki kok aneh, ora wong jowo olehmu nyandang nganggomu iki....

Sy. Subakir : hyo... yen takon aku, aku iki wong seko tanah Iran, Persia jenengku syeikh subakir.

Sabda Palon : hyo... tepak tenan

Noyo Genggong : Kyai yo iki....

Sabda Palon : he'e hyo... kowe syeikh subakir...

Sy. Subakir : hyo aku syeikh subakir, lha kuwe iki sopo? Bangsane opo?

Sabda Palon : he...he...he.... aku sabda palon, mburi iki Noya genggong dadi wong-wong iki jenenge sabdo palon Noya genggong. Aku iki ratune Dayang tanah Jawa.

Sy. Subakir : jenengmu kok apik sabdo palon noya genggong...

Sabda Palon : he...he... kuwe ngerti maksute....

Sy. Subakir : ngerti nanging aku kuwatir kliru.... mbok yo unekne piye sabdho palon noya genggong iku???

Sabda Palon : sabdo iku tegese pangucap.... palon iku pikukuh, noya iku teges ulet, genggong iku langgeng. Dadi sabdho palon noya genggong iku minongko ulet langgeng sak laminipun.

Sy. Subakir : o..... ngono....

Sabda Palon : iyo... ngono maknane sabdho palon iku...

Sy. Subakir : lha banjer kok nemoni aku neng bumi kudas?

Sabda Palon : iyo.... pancene tak sengojo aku nggoleki, jeneng sliramu

Sy. Subakir : lha aku mbok goleki Laopo, butuhe opo????

Sabda Palon : aku iki krungu, nek kuwe iki dadi tukang masang tumba tanah Jawa, muk tumbali supoyo keke kabeh bangsa begejil-begejil, hyo tora???

Sy. Subakir : hyo.. mergo akeh begejil sing podo keluyuran ben ora ganggu marang wong Islam. sing lagi wae mlebu Islam mergo wong Islam sing isek anyaran iku keno tak umpamaakekoyo dene dluang, kesenggol titik bedah, imanae durung kandel, mula tak tumbali iki ben ora diganggu marang begejil-begejil... lho danyang koyo kuwe ngen iki opo yo bangsane begejil???

Sabda Palon : ora, ojo dipadakne karo bagejil nek muk tumbali yo sak karepmu.... aku ora piye piye... wong karuane agama hidnu neng tanah Jawa yo wes koyo ngono... nek pancene kuwe iso nentremno yo tentremno sak karepmu... lha begejil-begejil sing keluyuran nyang endi-endi. Ono sing nang pager, belokan, telogo, trectek-trectek.... iki yo mergo ono sebabe...

Sy. Subakir : sebab opo?

Sabda Palon : Sebabe panggonmu dirusak, punden-punden dirusaki digempuri ora karuan, iku omahe nggon-nggone

Sy. Subakir : Lha mungguhe kuwe piye? Wong sing ngrusak punden-punden nggon iku kuwe mbenenro opo nyalahne???

Sabda Palon : yo nyalahne yo mbenerno...

Sy. Subakir : kuwe iso nyalahne iku piye????

Sabda Palon : Salahe ngene disek, ngko benere ngko, nalika zaman Kediri ono ratu kondang, jenenge Sri Jaya Baya... kondange nduwe wahyu Panjangka. Wahyu panjangka iku mbesuk ing zaman iki ono ngene tahun sakmene, ono ngene iku jangka.

Sy. Subakir ; opo ngonoku ora ndisike kerso arane...

Sabda Palon : Ora, arane mergo wahyu iku saking gusti kang karya jagad. Yo soko hya widi waseso. Lha nek ora dienggo ngono, wahyu iku kanggo opo?? Nek ora kanggo Njangka ngono iku mau, lha kanjeng sinuwun Kediri kanjeng sri jaya baya nggone koyo ngono iku mau... ono bayan di palangi di arani nggon punden-punden iku bangsa demit begejil-begejil iku ben ngumpul nang kono dadi orang keluyuran. karepe, panggonane dirusak, sing grusak iki bener...

Sy. Subakir : Lha kok sing grusak muk benerno iki piye???

Sabda Palon : Tak benerno mergo akeh wong kliru, punden-punden nggon iku mau ora nggon njaluk dinggon njaluk. Yakin Slamet kok kono njaluk rejeki nang kono, iki opo lupute, makane dirusak yo tak benerno. Salahe yo panggonane dhemit kok dirsauk, terus keluyuran iku. Jan jane ngono ngen yo, danyang iku umpamane ono wong arep duwe gawe mbayar sesugih nang punden-punden

kono mau. Umpamane wong ngono diteri sego dicinjo, danyang-danyang iku mau ora mangan sego. Krecen kucur iku ora, mangane sedep-sedepan ugo dupo, menyan kuning. Iku ngemeruhi danyang-danyan iku mau. Dadi rorone iku sengguh ater-ater ora njaluk opo-opo. Lha nek danyange wes diteri disuguhi ngono iku mau nek ono bangsa begejil-begejil sing ganggu marang wong duwe gawe ora bakal oleh karo danyang iku mau. Mergo aku wes diweruhi. Ngono loh..... karepe iku ngono. Akeh-akeh wong kliru tompo mbanjur renane njaluk sugeh. Lha iyo dituruti karo begejil-begejil iku penggaweane ganggu menungso. Lho sing arep diganggu teko dewe. Njaluk opo-opo direwangi karo bongso dhemit. Iso sugih, sugihe lagi sedelok anak kesayangane digowo iku dipekso. Dadi punden-punden dirusak iki mau yo ono benere yo ono salahe, dadi dhemite keluyuran. di rusak ono benere ben digawe penjaluk wong wong ngono iku....

- Sy. Subakir : hyo...hyo.... dadi mengkono...
Sabda Palon : nek ngediko aku iki retune danyang tanah Jawa
Sy. Subakir : hyo, saiki pye sabdho palon. Agama Islam ono ing tanah Jawa iki tak tular-tularane marang sopo wae. Ben ora sesat uripe wong tanah Jawa isek akeh sing podo nyembah sipating wujud kaya lan watu. Nandang tak arahake nyambung marang Allah Ta'ala. Iku langgeng sak lami-laminipun. Wajib disembah..
- Sabda Palon : o.... ngono to????
Sy. Subakir : heemmmm hyo....
Sabda Palon : Aku retune danyang ngaweruhi kahan koyo ngene iki, yo ora mentolo, aku geperono karo syeikh bakir geperan perkoro ngene iki ora becik. Mergo negoro wes kadung bedah rowah-roweh. Saiki ayo podo apik-apikan nganokne perjanjian.
- Sy. Subakir : janji pye???
Sabda Palon : jare coro saiki aku kontrak polik
Sy. Subakir : kepiyte sabda phalon sing muk karepno
Sabda Palon : aku lego lilo lahir batin, wong jowo iki muk islamno, neng aku nduwe penjaluk iki umpomo kuwe gelem tentang tanganono, setujuono....
- Sy. Subakir :hyo, njaluk piye???
Sabda Palon : tular-tularono kabeh Wali Songo yo... nek Islam iki wes dadi nuk tanah Jawa kene yo.... umpomo kuwe nggawe kraton Islam iku ojo adoh-adoh karo kuto kuduDewi Sekar. D kraton Islam wiwitan iku ojo adoh-adoh karo kuto kudas.
- Sy. Subakir : hyo.... tak turuti....
Sabda Palon : nomer 2 nek edek masjid utoro musholla panggonane nyuwun marang gusti kang karyo jaga wong Islam, iku ojo adoh-adoh karo menara kudas.
- Sy. Subakir : kuwe kok njaluk mengkono, omah peribadatan kok ora oleh adoh karo menoro kudas iku karepmu piye????
Sabda Palon : olehku njaluk ojo adoh-adoh karo menoro kudas iku sawijine lambang kenek dirasaake menara kudas iku duweke wong Hindu. Umpomo masjid, masjide wong Islam. dadi cedek-cedekan iku umpamane wong ngono ing antarane Islam karo Hindu iku ora ono opo-opo, ora ono geperan. Dadi cara

dame berdiri sama tinggi, duduk sama rendah. Melebune ora nganggo peperangan.

- Sy. Subakir : hyo...hyooo tak turuti
Sabda Palon : terus sing nomer 3 besuk nek dadi ratu tanah Jawa kene ratu Islam sing wiwitan aku njaluk wiji loro. Tegese wiji loro iku soko Hindu karo soko Islam. umpamane iku bapakne Hindu ibune Islam lan sewalike.
- Sy. Subakir :hyo...hyo.... tak turuti. Aku gelem tanda tangan, setuju aku...
Sabda Palon : terus maneh, bangunan panggonan ibadah, masjid sak piturute, bangunan kudu bentuk bangunan Hindu.
- Sy. Subakir : lho kok ngono?
Sabda Palon : hyo... nek bangunan masjid sak piturute bentuk Hindu, iku nek disawang teko njobo ketok hindune senajan njeroni isi Islam. aku isek njaluk butuh iku...
- Sy. Subakir : hyo...hyo....
Sabda Palon : terus sing nomer 5 wong kudu sing agamane Hindu ninggalno agama Hindu ngrasuk Islam sak lawase ajo nganti mbeleh sapi, ojo nganti dahar daginge sapi, ngerti???
- Sy. Subakir : aku ora ngerti, coba diambali maneh?
Sabda Palon : wong kudu sing agamane Hindu, ninggalne hindune ngrasuk Islam ojo nganti mbeleh sapi utowo mangan daginge sapi. Iku nek wong Hindu ninggalne hindune. Dene mbesuk nek wes anak buyut putu or atau ngrasun Hindu langsung nang gone agama Islam nurut iku mau yo kenek, ora yo ora opo-opo...
- Sy. Subakir : hyo...hyo....hyo....
Sabda Palon : terus sing nomer 6 mun temurun ratu tanah Jawa sing mimpin negara tanah Jawa, neng wong abang ojo keabangen, nek wong putihan ojo keputihan. Mergo nek wong abang ngko nek mimpin keabangen. Sakno sing putih, nek sing putih keputihanngkon mimpin negoro ngko sakno sing abangan. Mergo isne bendera merah putih.
- Sy. Subakir : hyo...hyo.... kabeh mau tak iling-iling. Aku gelem tanda tangan masalah iku.
Sabda Palon : lha wes saiki sing pungkasan. Aku bakal lungu, aku bakal turu, aku bakal silem, aku lungu balinku, nek wes nyandak 500 tahun aku balik. Aku turu nek wes 500 tahun aku tangi / ngeliler. Nek aku silem, kelem nek wes 500 tahun aku timbul. Lha timbule sabdo palon noya genggon nek wes 500 tahun kaitung wiwit saiki ing kono bakal gilir gumantine zaman. Begejil lautan tuk unggahno nang daratan dadi aku sing bakal noto kahanan kuwe kudu trimo. Iki nek wis 500 tahun suwine..yooo.... piye????
- Sy. Subakir : sabdho Palon????
Sabda Palon : hemmm opo???
- Sy. Subakir : kabeh-kabeh mau aku gelem, setuju... nanging sing mburi dwe aku ora gelem.
Sabda Palon : lha kok ora gelem?
- Sy. Subakir : kuwe ngarani nek wes 500 tahun mau kwe timbul banjur noto kahana iki kuwe lak podo njumuri agama Islam nang tanah Jawa. Mbok umure 500 tahun. Mengko sng jenenge agama iki pawastane gusti kang karya jagad yo... Allah Ta'ala. Dadi ora garapane danyang koyo kuwe iku. Iki urusane gusti,

- agama kok dilumuri. Ora iso... dadi kabeh mau tka rujui tapi sing guri dewe iki aku ora setuju.
- Sabda Palon : hyo.... ora gelem yo wes... ning kebacut wes tak sabdakno.... timbule sabdho palon noya genggong mbesuk wes ono tengeran, gunung merapi njelbuk lahare mili ngidul ngulon. Yo diling iling senajan ora muk setujuni. Nanging wis kadung tak sabdano. Mbesuk mesti klakon. Yo neng koni iku, gilir gumarane zaman. Bagejil lautan tak unggahne nang daratan. Wong dijawil dhemit yo banjur reno-reno sing dicekso. Ono sing lali wong tuwone, lali dulure, lali nek iku anake dewe diperkosa barang mbesuk iku. Ati-atien wong Wali Songo sing ono neng kene.
- Sy. Subakir : wong Islam iku ora wedi ngono-ngono iku. Wong Islam nek wedi ngono-ngono iku mau lapo njajah tanah Jawa adaoh kono tekan kene, ora wedi karo bangsa dhemit, jahil-jahil, penangkale wes ono....
- Sabda Palon : opo penangkalmu???
- Sy. Subakir : wong Islam iki gandolane mung loro, yo kuwi al Qur'an dan hadits. Kuwe ndang lungu teko kene... لا اله الا الله محمد رسول الله
- Sy. Subakir : aku muni ngono Alkena kok yo banjar ilang timbul karepmu. Ora timbul yo karepmu. Wong Islam wedi opo, kabeh iku ono ing astane gusti kang karya jagad ya Allah SWT. nek apene opo-opo jare kono. Sing penting aku tetap ngadohi cegah nindakne perintah Allah.

Adegan 7

- Sy. M. Maghribi : duh kakang, kakan syikh Maulana Ishaq.....
- Sy. M. Ishaq : apo Kyai magribi
- Sy. M. Maghribi : iki wes ono nyang tanah jowo kakang Maulana Ishaq, kadang-kadang waksange liyane yow is akeh sing podo bebrek-bebrek gela ke islaman. Saiki mungguhe kacang syeikh Maulana Ishaq iki piye??? Dakwahmu iku netep opo keliling?
- Sy. M. Ishaq : yai, aku tak netep wae...
- Sy. M. Maghribi : nek ngono aku keliling wae kacang.. dadi aku ora netep, kepingin weruh jembare tanah jowo tak kelilingane. Sisih lor sisih kidul, wetan kulon. Lha nek kacang Sy. M. Ishaq iki netep manggone endi?
- Sy. M. Ishaq : aku neng Gresik wae. Mergo kae papn kang apik nang duwur gunung. Nek sak wayah-wayah yai magribi kangen karu aku mronowo. Temonono aku nang Gresik, netep nang kono...
- Sy. M. Maghribi : hyo kacang.... nek mengkono aku tak keliling, dakwah keliling
- Dalang : perpisahan syeikh M. Ishaq punopo deneng syiekh Magribi saking Maroko. Maulana Ishaq saking tanah Buoro, Rusia kidul. Wes eneng tanah jawi lumampah alon tumuju Gresik. Wes ono sing gahardi Gresik. Giri pura. Kocap kacrito para jalma kang ono ins sak kiwo tengene Gresik mireng yen in kono ono guru ingkang andarber karimah. Duwur tingkatane agama islame wes ngancek ono ing tataran teltahe kamakrifatan rebutan sujud wong-wong kang pada meguru marang Syeikh Maulana Ishaq mpun teler dados guru wonten kuto Gresik tanah Jawa ono godo goro-goro.

Adegan 8

Menak sembuyu : Baba bapak begawan kanda boyo
 B. K. Boyo : wonten dawu sinuwun...
 Menak Sembuyu : kulo aturi lengah ingkang prayogi
 B. K. Boyo : nggeh mpun boten kurang sekeco
 Menak Sembuyu : he... pada bajul semoro
 P.B. Sengoro : Nggih, wonten dawuh gusti
 Menak Sembuyu : lengah sing Prayogo
 P.B. Sengoro : Nggih, sampun mboten kurang sekeco, among bekthi kulo mugu kunjuk.
 Menak Sembuyu : heem..... hyo. Tak tompo gawe gadening atiku bapa
 B. K. Boyo : inggih, wonten dawuh
 Menak Sembuyu : kalinggahan meniko kulo ngaturi rawuhipun bapak begawan kerahe boyo.
 Dinten meniko kulo rumaos peteng jagad kulo. Jagad blambangan iki peteng dedet. Blambangan meniko wonten pagebluk mayangkara.
 B. K. Boyo : Nggih, kulo Nggih mpun ngertos...
 Menak Sembuyu : wong loro isuk sore mati, wong loro sore isuk mati. Wong loro bengi: bengi mati. Wong pinter-pinter iku ngarani wabah penyakit. Kulo mikiraken kawontenan negeri blambangan bingung budek. Kawinduhan anak kulo putri sekaring kedatong dewi sekar dadi ugi nandang gerah. Anak sing tak puji-puji bocah ayune ora ilok-ilok, tambani opo Alkena ora iso wara, tih....patih..
 P.B. Semoro : lu enten dawuh...
 Menak Sembuyu : kuwe naliko semono wes tak kongkon nyebar-nyebarno woro-woro. Nanakne sayembara. Sopo menungsane nek wong lanang isek nan iso gawe warase anakke putri Sekar dadi bakal tak jodohake. Nek iso gawe warase anakku iku wong lanang wes tuwo, Nggih tak dadekno.... mengkono nek wong wadon wes tuwo yo di dadekno pembantu anakku. Sing iso marasno anakku iki wong wadon sin enom tak akone dulur. Kepriye olehmu nyebarne woro-woro iku...
 P.B. Sengoro : waduh gusti mugu ndadosaken kawelingan setunggal ke mawon mboten wonten ingkang wanton nglebeti sayembara meniko...
 Menak Sembuyu : lha terus sopo iki. Anakku iki nek nganti mati temenan terus piye bapak... bapa bagawan kondo Boyo. Kulo mundut pamrayogi saking bapa bek boyo dus pundi niki????
 B.K. Boyo : ngeten... kulo niki ajeng matur nek enten klentu kulo matur nyuwun ageng samodera pangaksami kulo mpun tuwo. Wong tuwo iku akeh kaluptane. Ngeten, loro niku enten tombone. Neng deneng titi mangsane di pundut karo sing kuwoso niku tasek enten tombong. Nanging dereng petuk tombone ngoten mawon... ning kulo sampun nampi wangsit saking hyang widi waseso ingkang putra putri sekarang kedaton niku saget. Wahyu jati jati temen nirmala tegese waras nanging tambane niku rodok adoh...
 Menak Sembuyu : lha....lha adalah.... Nggih kados pundit dados anak kulo niku tasek saget waras....
 B.K. Boyo : Nggih tasek saget waras, ning tambane niku tebeh
 Menak Sembuyu : teng pundi??
 B.K. Boyo : tambane niku enten ing Gresik ngriko. Kulo sampun kepireng wong lewat dalan ngriku niku wonten wong pinter namine Syeikh Maulana Ishaq. Niku

kagungan karomah, tiyang niku sampun mancek tataran makrifat, niku nggeh saget ngobati wong loro-loro ngerti sedoyo

Menak Sembuyu : apao angger wong iku saget waras???

B.K. Boyo : enggeh, umpamane enten wong lo ngriku iku loro kabeh ngonten, sing waras kadang Nggih songo.... lha niku lak saget diarani berhasil.

Menak Sembuyu : inggih....inggih.... wah iki dalane anakku iso waluyo jati.

B.K. Boyo : lha Nggih dicobake mawon

Menak Sembuyu : nggeh... tih, kuwe ojo wedi ing rekoso yo budalo nyang Gresik. Petukono wong sing jenenge syeikh Maulana Ishaq. Yo wes kondo blak wae nek aku mbutuhne warase anakku golek tomo ngono wae. Ngko nek deweke ora gelem rene tak parani tak pateni, gelem rene nek ora iso marasno anakku yo taka pateni. Kiro-kiro iki mlakune bapa kinten-kinten lampah pinten dinten Gresik mriki???

B.K. Boyo : kiro-kiro yo ono piutang ndino.

Menak Sembuyu : niku mlampah biasa?

B.K. Boyo : mboten, niku nek niti jaran, tak jae jaran ngonten mriko-mriki sak Minggu. Dados bolak balik ngonten nggeh 2 Minggu.

Menak Sembuyu : patih Bajul Semoro, kuwe budalo nggowo bolo sopo sak karepmu. Opo semoro bumi ajken nyango Gresik petukono wong sing jenenge Syiekh Maulana Ishaq.

P.B. Semoro : enggeh ngestuaken (keluar)

P.B. Sengoro : adikku semoro bumi

Sengoro Bumi : Nggih wonten dawu kacang bajul semoro

P.B. Sengoro : jebibahan iki abot kan tak rangkul dino iki

Sengoro Bumi : dateng pundit???

P.B. Sengoro : dipun utus menyang Gresik, metuki wong sing jenenge Maulana Ishaq. Menurut ature bapa begawan Kanda Boyo Putri sekar dadi bisa waras nanging sing nambani kudu wong iku mau, kowe kudu dadi baturku lumawat menyang Gresik. Jarane rakitomo.... ayo podo menyang Gresik saiki, mergo lakune iki 7 dino lagi teko kono.

Sengoro Bumi : Nggih, monggoh.... (keluar)

Sy. M. Ishaq : mengko to mengko kisanak ke sumitro ndok waspadaake dudu pawongan ing Gresik kene.

P.B. Sengoro : hyo, panembahan.... wes kuwe tak arani panembahan ngono wae...

Sy. M. Ishaq : hyo.... kene wae

P.B. Sengoro : iki jenengku baju semoro pangkatku patih...

Sengoro Bumi : aku semoro bumi

Sy. M. Ishaq : bajul semoro karo semoro bumi

P.B. Sengoro : adoh wiringkatku sake negoro blambangan

Sy. M. Ishaq : tekaning kene tebasan kalingan gunung 7 segoro 8 ono wigati kang endi?

P.B. Sengoro : engko sek, iki bener Gresik....

Sy. M. Ishaq : hyo bener...

P.B. Sengoro : siro iki sopo panembahan???

Sy. M. Ishaq : Ora ora loro telu ingkang nganggo jeneng Syeikh Maulana Ishaq

P.B. Sengoro : e.... lha adalah.... ha...ha....ha... ora kliru aku...

Sy. M. Ishaq : kuwe ora kliru ngadepi aku

P.B. Sengoro : ora...ora kliru, dadi panembahan iki Syeikh Maulana ishaq
Sengoro Bumi : hyo.... sang syeikh.... tekaku kene mau pancen ono perlu, diutus karo gustiku ratu prabu Menak Sembuyu, metuki sang syeikh Maulana Ishaq. Panjenengan niki. Aku medarake opo sing dadi kersone gusti ratuku. Negoro blambangan dina iki peteng dedet durung entuk obat.

Sy. M. Ishaq : hyo.... mbanjur.... petenge iku jalaran opo???
Sengoro Bumi : petenge iku jalaran ono pagebluk mayangkara, ono penyakit nyerang blambangan... yo wong cilik yo wong gede loro-loronen, yo kewa, suket, godong jamur podo metu racune. Akeh rojo koyo sing mati. Dadi gusti ratuku prabu menak sembuyu ikut banget nggone menggalhake kahana negoro sing keno ngene iku mau. Kawimbuhan putri sekareng kedaton dewi sekar dadi ugo gerah. Gerahe sekar dadi ditambahi nganggo opo Alkena ora iso waras. Mbanjur gusti ratuku midanget mawarta neng kene iki ono dukun pinter. Lha sing diarani dukun pinter sing kondan nganti tekan kono mau yo kanjeng syeikh Maulana Ishaq panjenengan niku...\

Sy. M. Ishaq : o... ngono, terus piye???
P.B. Sengoro : lha teruse ngene, bajul semoro kuwer mrono nyatakne dukun iku ono temen ta ora. Jaluken tekane blambangan kene ngobati anakku. Nek Sy. M. Ishaq ora gelem teko blambangan kene tak paranane, tak patenane ngko nek SM. Ishaq iku geleng menyang blambangan nambani anakku ora iso waras yo tak pateni. Ning nek nganti iso wars dewi sekar dadi di jodoake karo SM. Ishaq. Iki piye??? Gelem rono opra ora, nek gelem rono iso gawe waras opo ora? Nek ora iso waras dipateni, we siku olehku matur butuhku iku...

Sy. M. Ishaq : hyo.... bajur semoro.... Ishaq iki wong Islam. butuhe opo nek aku rumengso biso yo tak lakoni. Nduweku opo nek dijlauk yo tak wenehno. Wong Islam iku kudu lapang dada, sabar nrimo ikhlas, ngalah welas lan asih kegowo soko tresno welas asihku menyang sopo wae aku gelem rono. Dene perkoro waras opo ora, ora aku sing gawe yo mung Allah SWT. iku ngko gusti kang Maha Kuasa kang marasake. Gelemku mrono iki ngko ora kok jalaran aku wedi dipateni, ora gelemu mrono iki jalaran aku kok di iming-imingi putri ayu yora. Kegowo soko roso welas asihku marang sopo wae....

P.B. Sengoro : ooooooooooooo... ngono..
Sy. M. Ishaq : hyo... saiki baliko disek, aku ngko tekan kono
P.B. Sengoro : hyo, aku tabli disek
Sengoro Bumi : aku iki angen-angen, ngkon ndang lak ora buda ngono lho... lha anggetiku ngeneki yo tegese Maulana Ishaq iki tak ajak mrono bareng karo lakuku ngono ngko nek aku muleh disek ngkon ndang kene orang mangkat.

Sy. M. Ishaq : wes to ndang disiko, ngko aku tekan kono
P.B. Sengoro : ngono, temen.....
Sy. M. Ishaq : hyo.... (keluar)

Menak Sembuyu : dus pundit niki bapa
B.K. Boyo : apane ???
Menak Sembuyu : raku kantun gagra wasesa balungkulit
B.K. Boyo : lha wong gerah Nggih ngonten iku, madang mboten doyan, ngunjuk nopo-nopo Nggih mboten purun tansah, kendil mawon ngoten niku...

Menak Sembuyu : ngger... sekar dadi anakku.... piye bocah ayu. Ayu anakku kurun gene... yo nyudo ayumu nduk...nduk.... nek awakmu rodok lemu ngono, sore bar adus pupuran mawuk-mawuk alalah wes temenan, jenenge wong ayu ngono sembarang ora ditambahi yo ketok ayu wae... hmmm piye, bajul semoro iki, kok nganti seprene bajul semoro ora balik-balik iki kekarepe piye? Wes pirang dino deweke. Petuk syeikh Maulana iswa po ora? Lho lah iki kok ono wonge lah..... adalah.... sopo iki he... mangke bapa begawan K. Boyo.....

B.K. Boyo : nggeh enten dawuh sinuwun

Menak Sembuyu : meniko kok wonten priantun kan aneh. Menopo B.K. Boyo sampun nate tepang kalian ingkang nembe rawuh meniku

B.K. Boyo : dereng.... mbok Nggih dipun denge priantun niki saking pundi???

Menak Sembuyu : Nggih...nggih, kisanak ki sumitro tak wasdapaake dadi pawangan negoro blambangan kene, nyandang nanggomu iki ora toto carane wong blambangan. Sopo sejatine kisanak iki???

Sy. M. Ishaq : inggih sinuwun, lepat nyuwun agunging samudera pangaksami

Menak Sembuyu : wah, jangkep basane won iki... hyo....hyo... onoke keluputane tak ngapuro

Sy. M. Ishaq : kulo tebih saking Gresik, kulo Syeikh Maulana Ishaq

Menak Sembuyu : e.... la adalah, lha bapak... iki SM. Ishaq meniko....

B.K. Boyo : lho Nggih, nek ngoten kelresan Nggih niki ingkang dipadosi dekane meniko

Menak Sembuyu : apa bener, ngong ndang kuwe iki goroh nyang aku

Sy. M. Ishaq : nggi estu, kulo SM. Ishaq saking Gresik, menopo paduko ingkang jumeneng wonton ing negeri blambangan

Menak Sembuyu : hyo, bener... sing nglengahi dampar kepraban negoro blambangan iki aku... P. Menak Sembuyu ... terus piye?

Sy. M. Ishaq : inggih, wale-wale menopo naliko kulo wonten Gresik wonten tamu kaleh ingkang naminpun bajul semoro kalian semoro bumi.

Menak Sembuyu : hyo....

Sy. M. Ishaq : matur pertelo, bilih piyambakipun dipun ututs kaleh gusti M.sembuyu. soko matur terang yen gusti sinuwun meniko mbetahaken kulo kadawuho ngusadani putra putrinipun ingkang nandang gerah

Menak Sembuyu : he....he...he.. lagi iso ngguyu aku saiki. Iyo Maulana Ishaq, dadi bajul semoro wes etemu karo sliramu.

Sy. M. Ishaq : inggih sampun, malah aturipun ngeten nek kowe ora gelem teko kono diparane mreng karo gustiku, kowe dipateni, gelem rono nek kuwe ora bisa gawe waras dwei sekardadi kowe yo bakal dipateni, mekaten????

Menak Sembuyu : hyo.... bener kuwi..... nek pancane kuwe iki dukun sing ampuh temenan aku njaluk tulung marang kuwe usadanono anakku kang lagi gerah iki

Sy. M. Ishaq : duh sinuwun... nyangkul jejabahan ingkang obat meniko kulo sampun purun, nanging mboten ateges kulo maniko ajrih paduko pejahi... mboten, mboten kok ateges kulo lajang Nggih iming-iming paduko yen saget gsadani dipun jodhoake Nggih mboten meniko. Nggih kulo nindaaken dawuh paduko meniku kesurung saking raos tresno welas asih kaleh sesami. Mapan sampun leresipun titah meniko kedah tulung tinulung .

Menak Sembuyu : o.... ngono, hyo wes.... gage kene ndang husadanono anakku sekar dari. Aku kepingin weruh keampuhanmu

Sy. M. Ishaq : inggih.....

Dalang : kanti ulan, nyuwun marang gusti kang karya jagad SM. Ishaq dipun turuti nggene nyusadani dwi sekar dadi, sak kolo dewi sekar dadi waluyo jati.

Menak Sembuyu : ngger, anakku wong ayu sekar dadi

D.S. Dadi : wonten pangandiko romo

Menak Sembuyu : kuwe waras ngger????

D.S. Dadi : sampun

Menak Sembuyu : waduh anakku,.....ha...ha...ha... anakku ... anakku.... iki jenenge saking bungahe....

D.S. Dadi : inggih romo, raosing badan kulo kados sampun pulih kados wingi meniko

Menak Sembuyu : he...he..... syukur-syukur bapa begawan

B.K. Boyo : Nggih wonten dawuh, wah bungah kulo tanpa pepinden, anak kulo sampun waras SM. Ishaq

Sy. M. Ishaq : Nggih, wonten dawuh sinuwun

Menak Sembuyu : aku bakal yoo kuwi ngelaksanake apo sing tak ucapake mau. Nek kowe bisa marasake anakku, tak jodohake maring jeneng sliramu. Ngkok sek to... nyandang nganggomu koyo ngono iku mungguh ngono nyandang coro opo?

Sy. M. Ishaq : ngeten meniko agemi nipun tiyang Islam

Menak Sembuyu : lho... Islam to agamane ?

Sy. M. Ishaq : inggih agama kulo Islam

Menak Sembuyu : hyo wes ora opo-opo to. Islam Hindu Budha pada wae. Sing penting sembahyang mung situk iku ora opo-opo..... aku wong Hindu, nduwe mantu Islam koyo kuwe ora opo-opo....

Sy. M. Ishaq : inggih, kulo Nggih matur nuwun sanget menawi padukan kerso mendet mantu kulo. Kulo tiang Islam mboten dengka mboten kaya

Menak Sembuyu : ojo ngono to, pinter-pinter wong dadi dukun mandine ngono kok orang dongko. Tok pek mantu ning jeroning blambangan iki mau kiro-kiro kuwe wes pirang dino?

Sy. M. Ishaq : menawi mboten lepat, kulo sampun 6 dinten meniko

Menak Sembuyu : 6 dino suwene, dino sesuk mitung ndino jangkepe kuwe tak pundut mantu yo... wong kadang mitraku kabeh tak klumpukne kabeh nen kene tak wiwahe gedhen-gedhenan. Bapak begawan K. Boyo, iki duspundi kulo bade gadah damel gedhen-gedhenan mantu anak kulo dewi sekar dadi kulo gandengaken kalian Sy. M. Ishaq jangkep 7 dinone. Nanggap nopo mawon niki

B.K. Boyo : kok atek nanggap-nanggapan, mbok yo meneng-menengan mawon to

Menak Sembuyu : o.... mboten seneng, kurang marem raosing maneh kulo...

B.K. Boyo : lha Nggih monggo, kulo manut mawon, nopo sing kudu dipun wonten aken.... (keluar)

Sengoro Bumi : yai bayu sengoro bumi

P.B. Sengoro : kacang, bajul sengoro, apa kang?

P. B. Sengoro : wah Gresik tekane kene adoh suwe, jaran-jaranan piutang dino lagi tekan kene. Lha syeikh M. Ishaq iki piye. Ngko nek deweke melok daerita lumrah tekan kene terus pirang dino tekan kene iki ngko...hmmmmmm piye iki... ngko nek awake dewe melebu rono nek SM. Ishaq durung teko orang urung aku karo kuwe didukani gusti menak Sembuyu.... wah melase aku mau mangu-

mangu mau ajaken bareng... piye iki? Loh kok ono rame-rame njero iki, ramene wong opo rek???

P.B. Sengoro : he...he... aku takon le,. Sopo to iki????
Sumber : kulo sumber, kulo rembes, enten nopo tok nimbali kulo sumber karo rembes

P.B. Sengoro : ora ngono iki njero kutho kok ono rame-rame iki tontonan opo?
Sumber : alaaah, niki dino ingkang sampun kaping 7 daube putri ayu gusti putri sekar dadi

P.B. Sengoro : oleh sopo?
Sumber : pikantuk Sy. M. Ishaq

P.B. Sengoro : eh.... ojo clometan, tak tempeleng kuwe ngko
Sumber : lha ditempling niki keluputan kulo nopo? Niki dino sing mpun kaping pitu daupe dewi sekar dadi karo SM. Ishaq

P.B. Semoro : loh..SM. Ishaq iki ono sak jeroning dalam. Iseh ono dalam. Arep tumuju nyang blambangan. Lha nak kene kok ono SM. Ishaq dikawknno dijdohne, piye???

Sumber : ngadel Nggih sak karep sampeyan, nggak ngandel lak Nggih dipun, ayo mber gelek rontok-rontokan

P.B. Sengoro : adik semoro bumi!!! Ngadel to kuwe SM. Ishaq naliko ning Gresik iku nundungakae karo kowe, aku karo kowe ceket cecet Alex S. Nitisemito jaran balik nang blambangan. Itunge 7 dino laku jaranan kono kene. Lha kok SM. Ishaq nang kene 7 dino. Kuwe ngandel????

Sengoro Bumi : diarane ngandel yo ngandel, digawe ora ayo ora kono wong pinter kang???

P.B. Sengoro : aku kuatir ngko ndang ora wong endo-endo ngaku dadi SM. Ishaq jaluk dibojokne, ayo dinyakano sopo sak temene iki..

Menak Sembuyu : he..... patih bajul sengoro

P.B. Sengoro : wonten dawuh gusti

Menak Sembuyu : kowe iki mau soko ngendi wak... leh ku ngarep arep, piye???

P.B. Sengoro : menowo paduko meniko kelebyeng ing penggalih

Menak Sembuyu : umpamane aku lali, lali bab opo?

P.B. Sengoro : riko semanten paduko ngutus kulo dateng Gresik, perlu ngupaya tiang ingkang namainipun SM. Ishaq dados kulo sowan dateng paduko niko nembe wangsul saking Gresik. Paduko kok dangu soko ndiwae iki dus pundi?

Menak Sembuyu : ngkok sek ta, kuwe iki lagek teko Gresik..... pirang ndino kono kene ...????

P.B. Sengoro : 7 dinten, nitih turonggo

Menak Sembuyu : lah adalah....

P.B. Sengoro : lajang meniko kati enten rame-rame nik????

Menak Sembuyu : iki ramene wong seneng-seneng, SM. Ishaq iki wes tak jodohne karo anakku

Sengoro Bumi : lha sing ngerti sopo wong saiki wae isek durung petuk wong-wongane, po karo wong iku mau opo ora????

Menak Sembuyu : kuwe iki kok sawangane gumun to???

P.B. Sengoro : Nggih jalaran kulo 7 dinten nembe dugi mriki meniko lampah jaran, lah kok SM. Ishaq meniko sampun 7 dinten wonten nriki. Kulo niki gumun perkoro niku?

Menak Sembuyu : kuwe kuatir nek iki duduk SM. Ishaq sing sejati???

P.B. Sengoro : inggih
Menak Sembuyu : petukno wonge
P.B. Sengoro : ngkok sek, iki SM. Ishaq temenan opo kuwe iki wong daden-dadenan, ngko ndang wongembang-wongemban?
Sy. M. Ishaq : kuwe lah bajul sengoro karo sengoro bumi???
P.B. Sengoro : lha iya, iya bener...kowe iki SM. Ishaq temenan???
Sy. M. Ishaq : yo oro ono 2 3 SM. Ishaq iku yo ku iki
P.B. Sengoro : kuwe iki nduwe ilmu opo???
Sy. M. Ishaq : ora nduwe ilmu opo-opo
P.B. Sengoro : lha wong aku Gresik – kene 7 dino nitih jaran, banter playune, lagek tekan ken.... lah kuwe kok 7 dino wes nang kene... ilmu opo sing mung nggo koyo ngono kuwi????
Sy. M. Ishaq : yo wes ora usah tak wedaroke marang kuwe... wong Islam iki nek njaluk opo-opo kanti temen karo gusti kang maha kuoso iku dituruti. Allah Ta'ala iku nuruti wae ning watone temen. Ddi ilmu iku jare wong-wong kae kantilaku. Tanpa laku ora dadi.
P.B. Sengoro : hyo....hyo.... dadi tak akoni nek kuwe iki wong pinter nduwe karimah temenan
Sy. M. Ishaq : muk arani ngono yo sak karepmu, neng aku rumongso ora nduwe opo-opo. Sekar dadi saiki wes dari bojoku
P.B. Sengoro : wah...hyo.... tak andel.... tak percoyo temen kuwe (keluar)
Sy. M. Ishaq : soyo suwe kok soyo akeh wong sing nyedoki aku sekar dadi
Dewi Sekar. D : wonten pangandiko, kacang mas SM. Ishaq
Sy. M. Ishaq : suwe-suwe aku nang blambangan iki di jejer dadi guru, guru keislaman. Wong nom tuwo isuk sore podo nggolong teko ngarepuk kene njaluk diwedari ilmu agama Islam
Dewi Sekar. D : inggih
Sy. M. Ishaq : ngeneki ngko opo ora didukani karo wong tuamu
Dewi Sekar. D : mboten, Nggih malah reno penggalhipun kanjeng romo saget nentremake kawentanan negeri blambangan kakang mas
Sy. M. Ishaq : hyo...hyo..... bocah nom-noman kabeh
Penduduk : Nggih wonten dawuh bapa guru
Sy. M. Ishaq : kuwe wes kepingin ngrasuk ke islaman kabeh???
Penduduk : Nggih sampun, kulo mpun purun ninggalake agama leluhur kulo, agama Hindu. Kulo kepingin ngrasuk ke Islam
Sy. M. Ishaq : hyo, neng olehmu ngombe tuak iku lerenen, yo wong Islam iku ora keno ngono. Mangan daging celeng barang iku ora kene ngono, iku haram....
Penduduk : e.... ngonten
Sy. M. Ishaq : hyo,..... ngombe arak iku yo ojo... munda ndadekno lali. Ngko nek wes mendem iki lali sedulur lali wong tuwo, lali sing gawe urip, dadi lereno ojo mangan barang sing haram-haram iku yo umume wong blambangan iki isek grasaake, isek mangan babi, kodok.... ojo ditiru nek kuwe wes ngrasuk ke islaman. Nggeh kuwe kudu ngerti halal, haram, najir, makruh, kuwe kudu ngerti.....!
Penduduk : enggih, kutlo estuaken sedoyo (keluar)

Menak Sembuyu : bapa begawan
 B.K. Boyo : enggih, wonten menopo?
 Menak Sembuyu : wah, dangu-dangu kok nyukeri negoro SM. Ishaq iki. Dadi mantu kulo nembe pinten tahun. SM. Ishaq meniku sampun nyepeti paninal kulo. Rasa kulo mpun resih nyawang isuk awan sore. Murid-murid syeik M. Ishaq diceh mboten dipun parengaken nedo daging-daging jaran, daging babi Nggih mboten kengeng.... lhah iki wong opo? Wong blambangan kok diwarahi ngene.....

B.K. Boyo : lho Nggih, ngoten iku wong agama Islam. kale agama Hindu Nggih bedo. Nyandang nganggone mawon nggeh mpun bedo. Ngriku nggeh mboten diparengaken berdo'a minum-minuman keras, nggarai lali niku mboten angsal... larangan niku...

Menak Sembuyu : wah sepet paningal kulo... wong banjur diwarhi koyo mengkono iku piye dadine... he... bajul sengoro? Obrak abrike panggonane Sy. M. Ishaq
 P. B. Sengoro : he... eh.. ono parigane iki diutus gusti karo gusti ratu Menak Sembuyu ngobarik abrikno pondok pesantren Sy. M. Ishaq mergo cengkah karo karepe wong blambangan gk lungo soko kene, rajang rajing balung kulitmu (keluar)

Menak Sembuyu : ngene iki opo? Ngene iki lha adune keluarga nduwe mantu seje agama... ngene iki... ora minggat teko kene tak juwing-juwing syeikh Maulana Ishaq
 Dewi Sekar. D : kakang syeikh maulana Ishaq kang mas
 Sy. M. Ishaq : dewi sekar dadu garwoku ono opo?????
 Dewi Sekar. D : kados pundit to meniko kok wonten geheran ing ngatawesipun murid santri paduko kaliah tiang blambangan balanipun kanjeng romo
 Sy. M. Ishaq : hyo, sekar dadu... hyo ngene iki gusti gawe nggone lelakonku... opo pancen aku iki ora entuk suwe-suwe nang blambangan ken. Ora entuk suwe-suwe karo sliramu
 Dewi Sekar. D : enggih sampun mekaten toh kakang mas tresno kulo dumateng paduko meniko mboten kangen kalingan rem sak lembar
 Sy. M. Ishaq : hyo mengkono ugo aku yo tresno banget karo sliramu. Nanging kok ngene iki piye??? Pondok pesantren panggonan kene prasasat wes di ludseno karo bajul semoro. Wong tuwomu nganti nggawe koyo mengkene iki yo jalaran sangka ojok-ojokene bajul sengoro kuwi seng ora seneng karo aku. Yayi sekar dadi... tak wasi kok bedo tho karo wingi-wingi, kuwe iki lagi ngopo to????

Dewi Sekar. D : nggeh kakang mas, mugi kesumerepono kulo sampun nandang garbini
 Sy. M. Ishaq : wes bobot???

Dewi Sekar. D : Nuwun inggih kakang mas
 Sy. M. Ishaq : em.... ngono ta???? Hyo lo mulane tak wasi kok bedo
 Dewi Sekar. D : lajang perkawisipun geheran kolo wau perkawis menopo to kakang???

Sy. M. Ishaq : yo perkorone aku medorke keislaman, isuk awan sore soyo tambah neng pondok pesantren kene. Nganti ora kamot bocah-bocah santri tak warahi ojo mangan daging bagi, iku haram. Mben wong Islam ojo ngombe inuman keras iku larangane agama. Ngkok nek wes lali, lai sembarangane. Lali wong tuwo, lali negoro, lali sing gawe urip, mulo dilarang karo agomo. Iku sing ndadekne

dukane wong tuwomu, menak sembuyu. Lha iki nek geheran di terusne iso rusak....

Dewi Sekar. D : Nggih lajang meniko kadus pundit???

Sy. M. Ishaq : sing digetingi karo wong tuwomu iki mung aku dewe, dadi aku tak lungo teko kene... ikhlasno....

Dewi Sekar. D : tobat.....tobat.... nggeh... sampun ngantos kakang mas paduko sampung ngantos tego mentolo dateng kulo. Umpamanipun paduko lajang linggar saking negeri blambangan dateng pundit kulo mangke babaran, bayi kulo mboten dipun tenggani kalian paduko kakang mas.

Sy. M. Ishaq : wes to.... ojo katek kuwe saiki banjur nagis kembang-kembang ngono... aku kudu ngikhlasake kuwe tegese ninggal kuwe mengkono ugo kuwe... ikhlasno aku... ora ktemu karo aku

Dewi Sekar. D : paduko tinda dateng pundit?

Sy. M. Ishaq : aku mlaku urut pesiri kene ngko nek pesiri kene pesiri elor ngalor wae???

Dewi Sekar. D : lha menopo padukan meriko mboten kundur mriki maleh???

Sy. M. Ishaq : ora, ora ngir aku balik mreng. Wong tuomu gteinge karo aku nemen kok aku baik mreng

Dewi Sekar. D : lha yen kulo kangen paduko kulo madosi ten pundit, jumujung pundit kakang mas??

Sy. M. Ishaq : iki sing angel, jujuk endi yo???

Dewi Sekar. D : inggih ingkang kulo jujuk pundi

Sy. M. Ishaq : ya wes aku tak gawe tengeran yo... sak wayah-wayah kowe kangen karo aku, umpama goleki aku uruto pesisir lor, aku tak gawe tengeran. Nok kono pesisir lor mbesuk ono sing disebut watu tumpang. Nek kuwe mlaku urut pesisir elor iku petuk ono waktu tumpang ngaloro tekan esike segoro kowe bakal bisa ktemu karo aku, hayo....

Dewi Sekar. D : Nggih, mekaten to kakan

Sy. M. Ishaq : hyo dadi iling-ilingen nek ono watu tumpang uku kuwe ngaloro kuwe iso ketemu aku

Dewi Sekar. D : inggih kang mas. Yen pancen paduko mboten kengeng kulo gandoli. Inggih nyumanggaaken kakang mas ing janipun kulo Nggih mboten tego...

Sy. M. Ishaq : hyo..hyo.... aku yo ora tego, ewuh nggon ku ngelepas kuwe... aduh....

Sy. M. Ishaq : iki sopo???

Santri : inggih kulo murid santri paduko

Sy. M. Ishaq : eneng opo???

Santri : kulo mireng bileh paduko meniko bade linggar saking mriki, kesah dateng pundi???

Sy. M. Ishaq : aku lungo sak paran-paranku, wes amrhemu sak kancamu aku tegakno

Santri : lho menawi paduko tilar lajang sing nerusake mulang kulo sak konco meniko sinten ngelmu keislaman niki

Sy. M. Ishaq : mbesuk ono dewe, anakku sing saiki nok njero bobotan iku besuk sing nutukake ngulang agama.

Santri : o... dados putra padukan ingkang wonten lebetu garba menika mbenjang nutukaken padukan nyambung padukan

Sy. M. Ishaq : hyo.... anakku singisek nuk njero bobotan iku besuk sing ngulang ngaji kuwes sak kabeh kabihane.

Sy. M. Ishaq : wes nyai sekar dadu, ikhlasno aku nek ora lungo teko kene rusak banget, dadi aluwung aku sing ninggalake kene timbang kene ngko ono kerusakan gedhen.... (keluar)

Menak Sembuyu : sekar dadu
Dewi Sekar. D : wonten dawuh kanjeng romo
Menak Sembuyu : ojo perembak premben, suker aku menyang bojjomu, minggat yo wes. Ditegaaken di ikhlasno... nyukeri negoro blambangan. Pirang tahun nang kene sembarang di rubah-rubah. Wong seje agama iki yon gene iki (keluar)

Sy. M. Ishaq : Aku wes meli karo dewi sekar dadi, nalika semakna aku linggar soko blambangan urut pesiri iki ono deso jenengi kemantren. Ono watu loro podo gedene tak tumpangne kanggo tengeran iki sing disebut waktu tumpang. (keluar)

Dewi Sekar. D : biyung embang biyung, wis rodo suwe linggare kakang mas SM. ninggalake aku?????

B. Emban : enggih sampun gusti
Dewi Sekar. D : aku wes kangen banget nen endi to panggonane kakang mas iku, bobotan iki wis tuwo banget, emboh wis 8 ulan mboh piro. Kurang seulan maneh babaran aku biyung karo kakang. Derekno aku yo turu pesisi, edir nggone watu tumpang iku (keluar)

Dewi Sekar. D : biyung emban....
B. Emban : Wonten dawuh gusti
Dewi Sekar. D : yo iki sing diarani watu tumpang, mboh ono deso opo???? Jarene wong iki deso kemantren, welinge kakang mas nek ono watu tumpang iki aku dadaruhi ngalor. Ngko neng kono bakal bisa ketemu kakang mas SM. Ishaq, ayo ngalor biyung....!!

Dewi Sekar. D : bat... tobat aku... ngene Alkena watu tumpang iki... mau ngalor kurang gulon opo kengetanen aku iki... nganti seprene kok ora iso ketemu karo kakang mas... emboh yon ok endi aku.... biyung... rosona awakku kok ora koyo wingi-wingi, opo aku arep babaran????

B. Emban : bat....tobat.... niki wonten gisike segoro gusti???

Dewi Sekar. D : yo west a.... koefisien loh jare wong-wong kui sing nuk ujung kae jenenge sepaku. Ayo nang kono leren sakwentoro neng gone spaku kono....

Dalang : dewi sekar dadi ingkang sampung nendang garbeni 9 chandra / 9 ulan warane babaran. Wancine lahire jabang bayi. Awit wis kersone gusti kang karya jagad lahire jabang bayi wonten gisike segoro bawah kemantren. Ing kono ingkang dipun disebut sepaku. Lahire si jabang bayi ing spaku mriku. Jabang bayi lahir kanti waras mboten wonten kolo sekar dadi mboten saget pinanggih SM Ishaq. Bayi lajang kebayang wangsul datang blambangan lumarupah alaon-along ing mbenjang bayi ingkar lahir wonten ing spaku meniku dipun parengi tetenger Raden Paku. Nggeh dangu-dangu kawimbunan maleh joko samudera ingkang mbenjang dados Sunan Giri.

Keterangan:

1. S. Muhammad : Sultan Muhammad
2. Sy. M. M. Ibrahim : Syaikh Maulana Malik Ibrahim
3. Sy. M. M. Israil : Syaikh Maulana Malik Israil
4. Jin. Abd. Qohar : Jin Abdul Qohar
5. St. Khomsatun : Siti Khomsatun
6. Sy. Subakir : Syaikh Subakir
7. Sy. M. Ishaq : Syaikh Maulana Ishaq
8. Sy. M. Maghribi : Syaikh Maulana Maghribi
9. B.K. Boyo : Begawan Kondo Boyo
10. P. B. Sengoro : Patih Bajul Sengoro

PETA DESA MANYAR KECAMATAN SEKARAN KABUPATEN LAMONGAN

